

INGOMA Y'I BURUNDI

Royaume du Burundi

UMWAKA WA 1 — N° 1

9 marsi 1962



1^{re} ANNÉE — N° 1

9 mars 1962

IKINYAMAKURU C'IBITEGEKWA MU BURUNDI

BULLETIN OFFICIEL DU BURUNDI

IBIRIMWO

SOMMAIRE.

A. — Ibitegetswe na Leta.

A. Actes du Gouvernement.

Itariki n'umunsi	Inyapuro.	Dates et N°s.	Pages.
30 yanwari 1962. — N° 01/20.		30 janvier 1962. — N° 01/20.	
Itegeko nshingamateka. — Ishimikiro ry'amateka y'Uburundi. — Ingene rizokurikuzwa	1	Ordonnance législative. — Constitution du Burundi. — Application	1
Ishimikiro ry'Ingoma y'i Burundi	2	Constitution du Royaume du Burundi	2
26 februari 1962.		26 février 1962.	
Ibwirizwa ryerekeye itangazwa ry'amategeko y'abategetsi b'intara y'Uburundi	16	Loi sur la publication des actes officiels des autorités publiques du pays du Burundi	16
23 yanwari 1962.		23 janvier 1962.	
Ibwirizwa ryerekeye ukurema jury (n'ukuvuga abashingantahe-rugamba-imvugakuri) yihweza ibintu vye-rekeye ibibi-nihano no kuvyaha mu ntwaro y'agakazo n'ibiva mu nzand'ko z'ibinyamakuru birenz'urugero ...	18	Loi relative à la création d'un jury portant sur les matières criminelles, délits politiques et de presse	18
9 octobri 1961. — N° 1.		9 octobre 1961. — N° 1.	
Itegeko rya ministre ryerekeye iserukira nyakuri ry'ishirahamwe ry'ab'hebeye imana b'Isakramentu Ritagatifu	25	Arrêté ministériel relatif à la représentation légale de l'A.S.B.L. « Religieux du Saint Sacrement »	25
9 octobri 1961. — N° 2.		9 octobre 1961. — N° 2.	
Itegeko rihindura izina ry'ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Vikariya Apostolika y'i Kitega » rikitwa « Arshidiyoseze y'i Kitega	26	Arrêté ministériel relatif à la modification de la dénomination de l'association sans but lucratif « Vicariat Apostolique de Kitega » en Archidiocèse de Kitega	26
10 octobri 1961. — N° 3.		10 octobre 1961. — N° 3.	
Itegeko rya ministre ryerekeye iserukira nyakuri ry'ishirahamwe ritarondera inyungu rya « Dioseze ya Bururi »	27	Arrêté ministériel relatif à la représentation légale de l'A.S.B.L. « Diocèse de Bururi »	27
14 novembri 1961. — N° 4.		14 novembri 1961. — N° 4.	
Itegeko rya ministre ryemeza ishishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Ishirahamwe rya Graal y'i Burundi »	27	Arrêté ministériel accordant la personnalité civile à l'association sans but lucratif « Association du Graal au Burundi »	27
15 novembri 1961. — N° 5.		15 novembre 1961. — N° 5.	
Itegeko rya ministre ryerekeye ihindura ry'izina ry'ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Umuryango w'ababikira b'umwamikazi wacu w'Afrika (Ababikira bera) n'iserukirwa nyakuri ryawo	28	Arrêté ministériel relatif au changement de dénomination de l'A.S.B.L. « Congrégation des Sœurs missionnaires de Notre Dame d'Afrique (Sœurs Blanches) » et de sa représentation légale	28

Itariki n'incmero	Impapuro.	Dates et N ^{os} .	Pages.
14 novembri 1961. — N ^o 6. Itegeko rya ministre ryemeza ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa : « Injiri y'Ekleziya yo kw'isi yose »	29	14 novembre 1961. — N ^o 6. Arrêté ministériel accordant la personnalité civile à l'association sans but lucratif « l'Eglise Evangélique Mondiale »	29
8 yanwari 1962. — N ^o 11. Itegeko rya ministre ryerekaye iserukirwa nyakuri ry'ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Umuryango w'amaraso meranda ya Yezu » i Rugari	30	8 janvier 1962. — N ^o 11. Arrêté ministériel relatif à la représentation légale de l'A.S.B.L. : « Congrégation der Liefdezusters Van Het Kostbaar Bloed » à Rugari	30
10 yanwari 1962. — N ^o 12. Itegeko rya ministre ryerekaye iserukirwa ry'ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa : « Imisiyoni y'igisha abana ivy'idini »	30	10 janvier 1962. — N ^o 12. Arrêté ministériel relatif à la représentation légale de l'A.S.B.L. « Mission pour l'Evangélisation des enfants »	30
28 desembri 1961. — N ^o 13. Itegeko rya ministre ryerekaye umuhari w'ubudandaji bw'amafi mu kiyaga Tanganika (Produilac)	31	28 décembre 1961. — N ^o 13. Arrêté ministériel autorisant la fondation de la société par actions à responsabilité « Produilac »	31
5 februwari 1962. — N ^o 15. Itegeko rya ministre rigena ba noteri mu Burundi kandi rishinga imbibe zabo bazogeza	32	5 février 1962. — N ^o 15. Arrêté ministériel portant nomination des notaires au Burundi et fixant leur ressort territorial	32
2 februwari 1962. — N ^o 16. Itegeko rya ministre rirekurira ikompanyi y'Afrika y'ivyaradiyo na televiziyo kuba mu Burundi	32	2 février 1962. — N ^o 16. Arrêté ministériel autorisant la fondation de la société : « Compagnie Africaine de Radiodiffusion et de Télévision », société par actions à responsabilité limitée	32
Imihari icuruza.		Sociétés commerciales.	
« Ishirahamwe rya Graal mu Burundi »	34	« Association du Graal au Burundi »	34
Itangazo.		Avis.	
Itangazo	35	Avis	35

A. — IBITEGETSWE NA LETA.

Itegeko nshingamateka numero 01/20 ry'itariki 30 yanwari 1962. — Ishimikiro ry'amateka y'Uburundi. — Ingene rizokurikizwa.

Mu kibanza ca Rezia mukuru.

Umukarani wiwe mukuru.

Turavye ibwirizwa ry'itariki 21 ogusto 1925 riraba Leta y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye cane cane ingingo ya 15 y'iteka ry'Umwami ry'imfata kibanza ry'itariki 25 yanwari 1960 ryerekeye iringanzira ry'intwari y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye ibwirizwa ry'itariki 12 juli 1960 ryerekeye intwari y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye cane cane ingingo ya 22 y'ibwirizwa ry'itariki 18 oktobri 1908 ;

Turavye ko vyihutirwa ;

Ategetse :

Ingingo ya 1.

Mu gihe Ububiligi bukirere Uburundi nkuko bwavyemeje kw'itariki 13 desembri 1946 kandi tukurikije iri tegeko nshingamateka iteka ryemejwe n'abashingamateka kw'itariki 26 novembri 1961 kandi ryemejwe n'Umwami itariki 28 novembri 1962 rikorabwa nk'ishimikiro mfatakibanza ry'amateka y'Uburundi.

Ingingo ya 2.

Ingingo 23, 57, na 106 z'ishimikiro ry'amateka y'Uburundi ntizokurikizwa mu gihe iteka y'itariki 13 desembri 1946 ricemeza ko tukirezwe.

Ingingo ya 3.

Ingingo 24, 27, 55, 86, 103 na 105 bazoba baretse kuzikurikizwa mu minsi mike ; muri iki gihe ca otonomi, izo ngingo zizokurikizwa nkuko Leta ndundi izozumvikanye n'umukuru aserukira Ububiligi. Kugira ngo umenyeshye ko izo ngingo zemejwe ko zizokurikizwa bizokwerekana n'itegeko nshingamateka.

Ingingo ya 4.

Inama nshingamateka yatowe itariki 18 septembri 1961 ifise ubukuru bwose n'ububasha ahawe n'ishimikiro ry'amateka y'Uburundi.

Ingingo ya 5.

Mu gihe ca otonomi, abashingamateka bashobora guh-

A. — ACTES DU GOUVERNEMENT.

Ordonnance législative n° 01/20 du 30 janvier 1962. — Constitution du Burundi. — Application.

Pour le Résident général,

Le Secrétaire général.

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu, spécialement en son article 15, l'arrêté royal intérimaire du 25 janvier 1960 sur l'organisation administrative du Ruanda-Urundi ;

Vu la loi du 12 juillet 1960 sur l'administration du Ruanda-Urundi ;

Vu, spécialement en son article 22, la loi du 18 octobre 1908 ;

Vu l'urgence,

Ordonne :

Art. 1.

Dans la mesure compatible avec les responsabilités que la Belgique continue à assumer dans le cadre de l'accord de tutelle du 13 décembre 1946 et compte tenu des dispositions de la présente ordonnance législative, l'édit voté par l'assemblée législative du Burundi le 26 novembre 1961 et sanctionné par le Mwami le 28 novembre 1961, sera considéré comme la constitution provisoire du Burundi ;

Art. 2.

Les articles 23, 57 et 106 de la constitution du Burundi ne sont pas d'application tant que l'accord de tutelle du 13 décembre 1946 sera en vigueur.

Art. 3.

L'exercice des pouvoirs prévus notamment aux articles 24, 27, 55, 86, 87, 103 et 105 est provisoirement suspendu ; ces articles seront applicables pendant la période d'autonomie pour autant qu'ils soient précisés par les dispositions prises de commun accord par le gouvernement du Burundi et le haut représentant de la Belgique. Ces dispositions doivent être édictées sous forme d'ordonnance législative, qui devront mentionner le fait que les réserves mentionnées dans le présent article sont levées.

Art. 4.

L'assemblée législative issue des élections du 18 septembre 1961 exerce les pouvoirs et attributions conférés au parlement par la constitution du Burundi.

Art. 5.

Pendant la période d'autonomie, la constitution provisoire

ndura ishimikiro mfatakibanza ry'amateka y'Uburundi batari-
nze gukurikiza ingingo y'i 115 mugabo lero abashingamateka
bagomba guhamagarirw'iyoy mvo ku mpamvu yuko mukugira
rihindurwe hagomba kuba hari benshi kandi bavyemeje nku-
ko biri mu ngingo 115.

Ingingo ya 6.

Ishimikiro ry'amateka y'Uburundi rizomenyeshwa ubuta-
kivaho icese umunsi w'ukwikukira k'Uburundi hamwe n'ibi-
zoba vyahinduwe nkuko biteganijwe n'ingingo ya 5 aho
hejuru.

Ingingo ya 7.

Ishimikiro mfatakibanza ry'amateka y'Uburundi ryanditswe
muri iki kinyamakuru ca Leta niryo rikurikira iri tegeko nshi-
ngamateka.

Ingingo ya 8.

Iri tegeko nshingamateka rizotangura gukurikizwa kw'ita-
riki 15 yanwari 1962.

Usumbura, itariki 30 yanwari 1962.

du Burundi pourra être modifiée sans que soit nécessairement
suivie la procédure prévue à l'article 115 de la constitution et
des modifications pourront avoir lieu moyennant une convo-
cation spéciale du parlement, portant à l'ordre du jour les mo-
difications à apporter et moyennant les majorités de présence
et de suffrage prévue au dit article 115.

Art. 6.

La constitution du Burundi sera définitivement et solennelle-
ment proclamée à l'occasion de la déclaration de l'indépen-
dance avec les modifications éventuellement intervenues sui-
vant la procédure prévue à l'article 5 ci-dessus.

Art. 7.

Le texte de la constitution provisoire du Burundi figure en
annexe à la présente ordonnance législative.

Art. 8.

La présente ordonnance législative sort ses effets le 15 jan-
vier 1962.

Usumbura, le 30 janvier 1962.

TORDEUR.

Ishimikiro ry'Ingoma y'i Burundi.

MWAMBUTSA IV,
Umwami w'i Burundi,

Mwese, abariho n'abazovuka, Mwaramutse.

Ng'ibi ivy'abashingamateka bagize kandi natwe twemeje :

Kuko twemera umuremyi tukaba kandi tuzi iteka rikwiye
umuntu wese ;

Kuko tushaka kurwanira icubahiro c'umuntu wese ;

Kubera ko twipfuzaga kw'abarundi bose bofatana mu nda
bakavugaga rimwe kandi bakaroranirwaga mu bikorwa vyabo, ba-
gashira hamwe mu mibano, bagater'imbere no mu bwenge ;

Twihweje ivyerekeye icubahiro c'umuntu wese nkuko vye-
mejwe mw'isi yose ;

Twebwe abashingamateka n'abakuru ba leta y'i Burundi ;

Turashinze kandi turamenyesheje iri shimikiro ry'amateka
y'ingoma y'i Burundi.

IGICE CA 1.

Igihugu n'ibice vyaco.

Ingingo ya 1.

Uburundi bugabwa n'umwami bugabuwemwo ibice bita
provinsi.

Ingingo ya 2.

Amaprovinsi ntawushobora kwongera kuyamanyagura bi-
tashinzwe n'ibwirizwa.

Constitution du Royaume du Burundi.

MWAMBUTSA IV,
Mwami du Burundi,

A tous présents et à venir, Salut.

L'assemblée législative a adoptée et nous sanctionnons ce
qui suit :

Affirmant notre croyance en Dieu et notre conviction de
l'éminente dignité de la personne humaine.

Décidés à garantir les droits fondamentaux de l'homme ;

Cherchant à promouvoir l'unité du peuple burundi ainsi que
le progrès économique, social et culturel de chacun de ses ha-
bitants sous un régime réellement démocratique ;

Nous inspirant de la déclaration universelle des droits de
l'homme et de la charte de Nations-Unies ;

Nous, membres de l'assemblée législative et du gouverne-
ment autonome du Burundi ;

Ordonnons et proclamons la constitution présente du royaume
du Burundi.

TITRE I.

Du territoire et de ses divisions.

Art. 1.

Le Burundi est un royaume divisé en provinces.

Art. 2.

Les subdivisions des provinces ne peuvent être établies que
par la loi.

Ingingo ya 3.

Imbibe z'Uburundi ni za provensi ni za komine ntizishobora guhindurwa canke gusubira kuringanizwa bitashinzwe n'ibwirizwa.

IGICE CA II.

Abarundi n'ibiberekeye.

Ingingo ya 4.

Izina ry'umurundi umuvantara ashobora kurironka akarigumana canke bakarimunyaga ariko atakarenganyo kiretse bakurikije amategeko. Ubu ko ayo mategeko atanga izina ry'umurundi atarashingwa uwo twemeza ko ari umurundi n'umuntu wese afise Se w'umurundi yavukiye i Burundi kandi niyo yoba yavukiye mu mahanga ako kazina arakavukana. Abazoshaka gufata akazina k'akavantara barabishobora mugabo haheze imyaka ibiri kuvaho iri tegeko ritanguriye niho tuzoheza tukabimenjura.

Iri shimikiro hamwe n'ayandi mabwirizwa niyoye bizovugaga ingene uwaronse izina ry'umurundi azigenza mu Burundi.

Ingingo ya 5.

Kwitwa umurundi bitangwa n'Abashingamateka : kuva icyo gihe umunyamahanga aca amera nk'umurundi.

Ingingo ya 6.

Mu Burundi ntawuruta uwundi bese barangana. bese babwirizwa kukurikiza amategeko : abategeka, abanyakazi, abasoda bese babwirizwa kuba abarundi gusa kiretse umw'umwe bazorengera ibwirizwa.

Ingingo ya 7.

Umuntu wese ariyagamvya uko ashaka, ntawe bazota mu mvuto batakurikije amategeko kandi bakamugenza nkuko ayo mategeko abivugaga.

Ingingo ya 8.

Ntawushobora kubaza umuntu gucirwa urubanza, n'umushingantahe yashinzwe n'ibwirizwa.

Ingingo ya 9.

Iqihano cose gitangwa bakurikije ibwirizwa.

Ingingo ya 10.

Inzu y'umuntu ntikorwako : ntawushobora kuza kuyisaka atari nka hamwe amategeko abivugaga.

Ingingo ya 11.

Ntawukiterwa mw'itongo ryiwe.
Haramategeko yagenewe kubiraba.

Ingingo ya 12.

Ntawukirurwa mu bwatsi bwiwe kiretse nkaho bifitiye akamaro Uburundi, naho nyene babwirizwa kukurikiza amategeko yagenewe icyo kandi nyen'ubwatsi bakamuha akahembo kakwiranye n'icyo bamutwaye.

Art. 3.

Les limites du royaume, des provinces et des communes, ne peuvent être changées ou rectifiées qu'en vertu d'une loi.

TITRE II.

Des Barundi et de leurs droits.

Art. 4.

La qualité du Murundi s'acquiert, se conserve, et se perd, d'après les règles déterminées par la loi. En attendant qu'il soit légiféré à ce sujet, sont Barundi tous les habitants du Pays qui sont nés d'un père murundi au Burundi, ou à l'étranger ; ceux qui, parmi ceux-ci, ont un droit valable de revendiquer une autre nationalité ont le droit, endéans le délai de deux ans à partir de la promulgation de la présente constitution, de révoquer leur nationalité de murundi.

La présente constitution et les autres lois relatives aux droits politiques déterminent quelles sont, outre cette qualité de murundi, les conditions nécessaires pour l'exercice de ces droits.

Art. 5.

La naturalisation est accordée par le pouvoir législatif. Elle assimile l'étranger au Murundi.

Art. 6.

Il n'y a dans l'état aucune distinction raciale.

Les Barundi sont égaux devant la loi ; seuls ils sont admissibles aux emplois civils et militaires, sauf les exceptions qui peuvent être établies par une loi, pour les cas particuliers.

Art. 7.

La liberté individuelle est garantie.

Nul ne peut être poursuivi que les cas prévus par la loi, et dans la forme qu'elle prescrit.

Art. 8.

Nul ne peut être distrait, contre son gré, du juge que la loi lui assigne.

Art. 9.

Nulle peine ne peut être établie ni appliquée qu'en vertu d'une loi.

Art. 10.

Le domicile est inviolable ; aucune visite domiciliaire ne peut avoir lieu que dans les cas prévus par la loi, et dans la forme qu'elle prescrit.

Art. 11.

La propriété foncière individuelle est garantie.
Des lois particulières en déterminent les modalités.

Art. 12.

Nul ne peut être privé de sa propriété que pour cause d'utilité publique, dans les cas et de la manière établie par la loi, et moyennant une juste et préalable indemnité.

Ingingo ya 13.

Umuntu aja mw'idini ashaka, akasenga uko ashaka akabigira icese atankomakomyi, kiretse nkuworenga amategeko mu gihe c'ukurangura ivyerekeye rino dini.

Ingingo ya 14.

Leta ntishobora kwishira muvyo kugena kugerera abakuru b'amadini, ntishobora kubabuzira kwandikira abakuru babo canke kwandikira ibitabo n'ibinyamakuru, mugabo hariho amategeko batashobora kurenga, mu vyerekeye kwandikira ibitabo n'ibinyamakuru.

Ingingo ya 15.

Kwabirana imbere ya Leta canke imbere y'abakuru b'amadini biremerwa n'iri shimikiro.

Guharika biraciwe, hari amategeko azovyihweza.

Ingingo ya 16.

Umuntu aziga aho ashaka. Amashuri ya Leta, azokurikiza amategeko yashinzwe.

Ingingo ya 17.

Kwandikira ico umuntu ashaka ntibubujijwe ariko lero hari ivy'amategeko abuzira kwandikira.

Ingingo ya 18.

Abarundi bashatse barashobora kujinama y'ugushira hamwe bakagira n'amakoraniro atankomakomyi.

Ingingo ya 19.

Umuntu umwe canke benshi barashobora kwandikira abakuru ba Leta ibaruwa ririmwo imikono yabo basaba ico bakenye, babaza ico batumva canke bigana intuntu ibasya k'umutima. Abakuru bashinzwe nibwo gusa bashobora kwandikira mukibanza c'abandi bese.

Ingingo ya 20.

Kirazira kwugurura ibaruwa y'uwundi. Ibwirizwa rizogena uzobibazwa hagize ibaruwa ryugurugwa mu mabaruruwa aca mw'iposita.

Ingingo ya 21.

Indimi zikoreshwa muri Leta ndundi n'Ikirundi n'Ikifransa.

Ingingo ya 22.

Nta ruhusha borinda gusaba kugira ngo bakurikirane umukozi wa Leta yagize nabi mu kazi kiwe, kiretse ivyobashinze kuri ba ministre.

Art. 13.

La liberté des cultes, celle de leur exercice public, ainsi que la liberté de manifester ses opinions en toute matière, soit garanties, sauf la répression des délits commis à l'occasion de l'usage de ces libertés.

Art. 14.

L'état n'a le droit d'intervenir ni dans la nomination ni dans l'installation des ministres d'un culte quelconque, ni de défendre à ceux-ci de correspondre avec leurs supérieurs, et de publier leurs actes, sauf, en ce dernier cas, la responsabilité ordinaire en matière de presse et de publication.

Art. 15.

Le mariage civil et le mariage religieux sont reconnus par la constitution.

La polygamie est abolie. Des lois particulières en régleront les modalités.

Art. 16.

L'enseignement est libre. L'instruction publique, donnée aux frais de l'état, est réglée par la loi.

Art. 17.

La presse est libre, sauf les restrictions apportées par la loi.

Art. 18.

Le droit d'association et des réunions est reconnu à tous les Burundi.

Art. 19.

Chacun a le droit d'adresser aux autorités publiques des pétitions signées par une ou plusieurs personnes. Les autorités constituées ont seuls le droit d'adresser des pétitions en nom collectif.

Art. 20.

Le secret des lettres est inviolable. La loi détermine quels sont les agents responsables de la violation du secret des lettres confiées à la poste.

Art. 21.

Les langues officielles du Burundi sont le Kirundi et le Français.

Art. 22.

Nulle autorisation préalable n'est nécessaire pour exercer des poursuites contre les fonctionnaires publics, pour faits de leur administration, sauf ce qui est statué à l'égard des ministres.

IGICE CA III.

Ubukuru.

Ingingo ya 23.

Ubukuru bwose butangwa n'igihugu. Babukoresha nkuko ishimikiro ry'ingoma y'i Burundi ryabivuze.

Ingingo ya 24.

Umwami hamwe n'abashingamateka nibo batanga amabwirizwa.

Ingingo ya 25.

Ari Umwami ari Abashingamateka ushatse niwe atangura.

Ingingo ya 26.

Abashingamateka nibo bazosigura amabwirizwa.

Ingingo ya 27.

Ubukuru bwo kukoresha ayo mategeko, n'ubw'Umwami nkuko ishimikiro ry'ingoma y'i Burundi ribivuga.

Ingingo ya 28.

Ubukuru bwo guca imanza n'ubw'Iparake na za Sentare.

Ingingo ya 29.

Ivyerekeye komine gusa bizogirwa n'abahanuzi ba komine.

IKIGABANE CA I.

Abashingamateka.

Ingingo ya 30.

Abashingamateka, batowe bakurikije amategeko, ntibavugira ka gace kabatoye, baserukira Uburundi bwose.

Ingingo ya 31.

Amateka ashingwa icese, kiretse nkaho umukuru w'Abashingamateka canke abashingantahe batanu bosaba gutaramura, hanyuma lero abashingantahe nka bose boshinga ko ivyo bavuze mu mpisho bobivuga icese.

Ingingo ya 32.

Abashingamateka barihweza ubukuru bw'umw'umwe hanyuma bakaca urubanza atawe babajije muvyo bariko barahariramwo.

Ingingo ya 33.

Abashingamateka bahawe akandi kazi atari ubuministre canke icegera ciwe, bakakemera ubukuru bwabo buca bubavako kugira ngo babusubiremwo barinda kubatora ukundi kusha.

Ingingo ya 34.

Abashingamateka nibo bitoramwo umukuru n'ivyegera vyawe kandi bakakorana.

TITRE III.

Des pouvoirs.

Art. 23.

Tous les pouvoirs émanent de la nation. Ils sont exercés de la manière établie par la constitution.

Art. 24.

Le pouvoir législatif s'exerce collectivement par le Mwami et le parlement.

Art. 25.

L'initiative appartient à chacune des deux branches du pouvoir législatif.

Art. 26.

L'interprétation des lois par voie d'autorité n'appartient qu'au pouvoir législatif.

Art. 27.

Au Mwami, appartient le pouvoir exécutif, tel qu'il est réglé par la constitution.

Art. 28.

Le pouvoir judiciaire est exercé par les cours et tribunaux.

Art. 29.

Les intérêts exclusivement communaux sont réglés par les conseils communaux.

CHAPITRE I.

Du parlement.

Art. 30.

Les membres du parlement, élus suivant la loi, représentent la nation et non la subdivision territoriale qui les a nommés.

Art. 31.

Les séances du parlement sont publiques, à moins que sur la demande de son président ou de cinq membres elles ne se fassent en comité secret. Le parlement décide ensuite à la majorité absolue si la séance doit être reprise en public sur le même sujet.

Art. 32.

Le parlement vérifie les pouvoirs de ses membres et juge souverainement les contestations qui s'élèvent à ce sujet.

Art. 33.

Les membres du parlement, nommés à toute autre fonction salariée que celle de ministre ou chef de cabinet, et qui l'acceptent, cessent immédiatement de siéger et ne représentent leurs fonctions qu'en vertu d'une nouvelle élection.

Art. 34.

Le parlement nomme son président, ses vice-présidents et compose son bureau. — Le mandat du président et des vice-présidents est fixé par la loi.

Ingingo ya 35.

Imigabo yose abashingamateka bashinga ibwirizwa kuba yemewe na benshi cane muribo tukuyemwo mugabo ikizoshingwa n'amategeko y'Abashingantaha.

Igihe amajwi yanka canke akunda angana, ico kintu baca bakiheba.

Iyo Abashingamateka bahari babwirizwa kuba barenga igice ahandi ho ntiboshinga imigabo.

Ingingo ya 36.

Mu kutora baravyatura bicaye canke bahagaze. Mu kushinga amabwirizwa umw'umwe arahamagarwa akabivuga ice-se. Mu kutora abazotegeka babigira mu mpisho.

Ingingo ya 37.

Abashingamateka barashobora guperereza.

Ingingo ya 38.

Ntabwo itegeko rishobora gushingwa ritashimwe na bose mu duce twaryo twose.

Ingingo ya 39.

Abashingamateka barashobora kugabanya canke guhindura ingingo z'amategeko.

Ingingo ya 40.

Umuntu umwe ntashobora kwandikira Abashingamateka ari'ico abasaba, arico abanegura, canke arico aharira.

Abashingamateka barashobora gutuma kwa ba ministre amabaruwa asaba, anebagura canke aharira ikintu. Ba ministre babwirizwa kubwira abashingamateka ikiri murayo mabaruwa igihe cose babibabajije.

Ingingo ya 41.

Ntawushobora gukomakoma umushingamateka canke kumurya urwara kubera ivyo yavuze n'ingene yatowe mu gihe yari mu bikorwa vy'ibanga ryiwe.

Ingingo ya 42.

Umushingamateka, igihe ariko arakora akazi kiwe ntawushobora kumukurikirana, canke kumuta mu ngoyi, Abashingamateka bandi batavyemeje kiretse nk'aho boramuka bamufashe ariko arenga amategeko.

Birabujijwe gufunga canke gukurikirana Umushingamateka ari ku kaz: kiwe mbere gushika aho azohereza niba Abashingamateka bose babishatse.

Ingingo ya 43.

Abashingamateka baragera, bakurikije amategeko yabo, ingene bazokoresha ubukuru bwabo.

Ingingo ya 44.

Abashingamateka batorwa n'abarundi n'abarundikazi bamaze ukwezi baba mur'iyi kominde kandi atamvo babuza kutora muri zazindi zashingwa.

Art. 35.

Toute résolution est reprise à la majorité absolue des suffrages, sauf ce qui sera établi par les règlements du parlement.

En cas de partage de voix, la proposition mise en délibération est rejetée.

Le parlement ne peut prendre des résolutions qu'autant que la majorité de ses membres se trouve réunie.

Art. 36.

Les votes sont émis à haute voix ou par assis ou levé ; sur l'ensemble des lois, il est toujours voté par appel nominal et à haute voix. Les élections et présentations des candidats se font au bulletin secret.

Art. 37.

Le parlement a le droit d'enquête.

Art. 38.

Un projet de loi ne peut être adopté qu'après avoir été voté article par article.

Art. 39.

Le parlement a le droit d'amender et de diviser les articles et les amendements proposés.

Art. 40.

Il est interdit de présenter en personne des pétitions au parlement.

Le parlement a le droit de renvoyer aux ministres les pétitions qui lui sont adressées. Les ministres sont tenus de donner des explications sur leur contenu chaque fois que le parlement exige.

Art. 41.

Aucun membre du parlement ne peut être poursuivi ou recherché à l'occasion des opinions et votes émis par lui dans l'exercice de ses fonctions.

Art. 42.

Aucun membre du parlement ne peut, pendant la durée de la session, être poursuivi et arrêté en matières de répressions, ou contraint par corps, qu'avec l'autorisation du parlement, sauf dans le cas de flagrant délit.

La détention ou la poursuite d'un membre du parlement est suspendue pendant la session, et pour toute sa durée, si le parlement le requiert.

Art. 43.

Le parlement détermine par son règlement, le mode suivant lequel il exerce ses attributions.

Art. 44.

Les députés au parlement sont élus directement par les citoyens Barundi des deux sexes, domiciliés depuis un mois au moins dans la même commune, et ne se trouvant pas dans l'un des cas d'exclusion prévus par la loi.

Chaque électeur n'a droit qu'à un vote.

Ingingo ya 45.

Mu kurebanura abazohagarik'ra igihugu, mu gutora bakwirikiza ibwirizwa.

Ugutora bigirwa nkuko ibwirizwa ribivuga. Umuntu wese abwirizwa gutora ariko bikaba amabanga, atora muri kominde yiwe kiretse uwo ibwirizwa rizogirira ikigongwe.

Ingingo ya 46.

Ibwirizwa ryo gutora niryo rishinga igitigiri c'Abashingantahe. Rikurikije uko abantu bangana niryo rishinga kandi ingene uzotora abwirizwa kumera n'ingene bazotora.

Ingingo ya 47.

Kugira ngo umuntu atorwe n'ukuba :

- 1) Umurundi canke uwamugizwe.
- 2) Atakimubaza gutegeka n'ukwidemvya.
- 3) Yarashikije imyaka 21.

Ingingo ya 48.

Abashingamateka batowe bamara imyaka ine. Uko imyaka ine iheze basubira gutora abandi.

Ingingo ya 49.

Ibwirizwa niryo rizoshinga impembo z'abashingamateka.

IKIGABANE CA II.

Umwami na ba Ministre.

Igice ca 1.

Umwami.

Ingingo ya 50.

Iyo umwami atanze, ingoma ayisigira umuhungu wiwe, abakobwa biwe hamwe n'abana babo ntibashobora kwima.

Umwami iyo abonye agiye kunywa ubuki atagira umuhungu yitorera uwundi ashaka agaha akabivuga icese imbere y'abashingamateka n'abashingantahe ba karyenda bese baranye.

Uko gutora umukuru w'abashingamateka arakwandika abashingamateka batatu bakashiramwo umukono. Uwo yemereye ingoma abwirizwa kuba yemewe kandi atowe n'amajwi arengeye igice c'abashingamateka n'abashingantahe ba karyenda.

Iyo habuze umuhungu w'umwami, canke ushinwe n'abashingamateka nyen'ingoma abuze, abashingamateka n'abashingantahe ba karyenda baca bimika uwundi. Iryo tora rizogirwa babanje gusubira kwihweza ishimiye ry'amateka.

Art. 45.

La constitution des collèges électoraux est, pour tout le pays, réglée par la loi.

Les élections se font par le système que la loi détermine. Le vote est obligatoire et secret. Il a lieu à la commune, sauf les exceptions à déterminer par la loi.

Art. 46.

La loi électorale fixe le nombre des députés d'après la population. Elle détermine également les conditions requises pour être électeur et la marche des opérations électorales.

Art. 47.

Pour être éligible, il faut :

- 1) Etre Mu'undi de naissance ou avoir reçu la naturalisation.
- 2) Jouir des droits politiques et civils.
- 3) Avoir atteints l'âge de vingt et un ans accomplis.

Art. 48.

Les membres du parlement sont élus pour quatre ans. Le parlement est renouvelé tous les quatre ans.

Art. 49.

La loi fixera les avantages ou indemnités qui seront accordés aux députés.

CHAPITRE II.

Le Mwami et ses ministres.

Section 1.

Du Mwami.

Art. 50.

Les pouvoirs constitutionnels du Mwami sont en principe héréditaires dans la descendance directe, naturelle et légitime de S.M. Mwambutsa IV, de mâle en mâle, par ordre de primogéniture et à l'exclusion des femmes et de leurs descendants.

A défaut du successeur légitime, il est toutefois loisible au Mwami de désigner un successeur hors de la ligne ainsi établie dans une déclaration solennelle faite devant le parlement et le conseil de la couronne délibérant en assemblée.

Cette désignation devra être citée dans un procès-verbal établi par le président de l'assemblée, et contresigné par trois membres désignés à cet effet par l'assemblée. Le successeur ainsi désigné devra être immédiatement reconnu comme tel par le parlement et le conseil de la couronne délibérant en assemblée et votant à la majorité des voix.

En cas d'absence de successeur légitime, ou à défaut de la désignation d'un successeur investi par le parlement, le trône sera vacant, et le parlement auquel seront adjoints les conseillers de la couronne, désignera le successeur. Cette désignation sera faite dans les formes usitées pour la révision de la constitution.

Ingingo ya 51.

Umwami w'i Burundi ntashobora kuba umwami w'ikindi gihugu, abashingamateka batavyemeye, nabo nyene bakabanza gutora kandi bakasubira kwihweza ishimikiro ry'amateka.

Ingingo ya 52.

Umwami ntakimuraba, vyose bibazwa ba ministre biwe.

Ingingo ya 53.

Ntakikozwe n'Umwami kishobora kubaco. kiretse ivyandi-tse mu ngingo iraho hepfo n° 54, ata ministre ashizeko umu-kono, ico gihe abashize vyose ku mutwe wiwe.

Ingingo ya 54.

Umwami niwe aha akazi ba ministre kandi niwe akabakuramwo.

Ingingo ya 55.

Niwe aha ipete abasoda, Niwe atanga akazi muri Leta nkuru no mu migenderanire y'igihugu, kiretse bimwe babujije bakurikije amategeko.

Ntashobora gutanga ibibanza mu kandi kazi bitagizwe n'ibwirizwa.

Ingingo ya 56.

Aratanga amategeko akwiye kugira ngo baze bakore neza amabwirizwa, ariko ntashobora gukuraho ayo mabwirizwa canke kubuza kuyakora.

Ingingo ya 57.

Umwami niwe ateguka inteko z'i Burundi niwe atera amahanga. Niwe ajinama n'ibindi bihugu kugira ngo ntibaryane ngo ahubwo bumvikane kandi ngo badandaze neza bagure batibana. Aca abimenyeshya abashingamateka abonye bito-tera impagarara Leta, akagerekako n'utundi two kubasiqurira neza.

Inyumvikano yo kudandaza canke ibindi vyose bishobora kunaniza Leta canke vyoshobora guta mu rudubi abarundi ntibishobora kwemerwa abashingamateka batabishimye. Nta gace k'Uburundi bashobora gutanga canke kuguza canke gufatanywa n'ikindi kihugu, bitashinzwe n'ibwirizwa, nta na rimwe ingingo zanditswe mu mpisho zishobora gukura izanditswe icese.

Ingingo ya 58.

Umwami aremeza amabwirizwa akayakwiza mu kihugu.

Ingingo ya 59.

Abashingamateka bonyene barikoranya ku wagatatu ugira kabiri w'ukwezi kwa ogusto kiretse nkiyo boba barahamagawe n'Umwami imbere yaho.

Abashingamateka nibo bavuga ko kwarama biheze.

Umwami arashobora gutumako abashingamateka igihe bitagenewe.

Ingingo ya 60.

Umwami arashobora kwirukana Abashingamateka.

Art. 51.

Le Mwami ne peut être souverain d'un autre État que du Burundi, sans l'assentiment du parlement, votant suivant les normes prévues pour la revision de la constitution.

Art. 52.

La personne du Mwami est inviolable. Ses ministres sont responsables.

Art. 53.

Aucun acte du Mwami sauf le cas prévu à l'art. 54 ci-dessous ne peut avoir l'effet, s'il n'est contresigné par un ministre, qui, par cela seul, s'en rend responsable.

Art. 54.

Le Mwami nomme et révoque ses ministres.

Art. 55.

Il confère les grades dans l'armée. Il nomme aux emplois de l'administration générale et de relation extérieure, sauf les exceptions établies par les lois.

Il ne nomme à d'autres emplois qu'en vertu de la disposition expresse d'une loi.

Art. 56.

Il fait les règlements et arrêtés nécessaires pour l'exécution des lois, sans pouvoir jamais ni suspendre les lois elles-mêmes, ni dispenser de leur exécution.

Art. 57.

Le Mwami commande toutes les forces armées du royaume, déclare la guerre, fait les traités de paix d'alliance et de commerce. Il en donne connaissance à la chambre aussitôt que l'intérêt et la sûreté de l'état le permettent, en y joignant les communications convenables.

Les traités de commerce et ceux qui pourraient grever l'état ou lier individuellement les Burundi, n'ont d'effet qu'après avoir reçu l'assentiment de la chambre. Nulle cession, nul échange, nulle adjonction de territoire, ne peut avoir lieu qu'en vertu d'une loi. Dans aucun cas, les articles secrets d'un traité ne peuvent être destructifs des articles patents.

Art. 58.

Le Mwami sanctionne et promulgue les lois.

Art. 59.

La chambre se réunit de plein droit chaque année, le deuxième mercredi d'août, à moins qu'elle n'ait été réunie antérieurement par le Mwami.

La chambre doit rester réunie chaque année au moins quarante jours.

Le Mwami prononce la clôture de la session.

Le Mwami a le droit de convoquer extraordinairement la chambre.

Art. 60.

Le Mwami a le droit de dissoudre la chambre.

Ukuburikana bituma ubwo nyene ahamagara igihugu ngo kize gutora mu minsi 40, n'abashingamateka bazotorwa mu mezi abiri.

Ingingo ya 61.

Umwami ashobora gusivya inama y'Abashingamateka ariko ntiyoreza ukwezi, kandi ntiyobisubira bacaramye Abashingamateka batabishatse.

Ingingo ya 62.

Arashobora gukura canke kugabanya ibihano vyaciye n'Ahacamanza dukuyemwo ivyanditswe kuri ba ministre.

Ingingo ya 63.

Arashobora gucira amafaranga akurikiza itegeka.

Ingingo ya 64.

Arashobora guhutura mugabo ntagerereko ayandi mashi-magizwa.

Ingingo ya 65.

Aratanga ubukuru mu basoda no mu bandi bantu. mugabo agakwirikiza uko ibwirizwa ribivuga.

Ingingo ya 66.

Ibwirizwa rirashinga abazokora i bwami uko ingoma ije.

Ingingo ya 67.

Umwami ntabundi bukuru afise atari ubw'ishimikiro ry'ingoma y'i Burundi yamuhaye hamwe n'amategeko y'iryo shimikiro.

Ingingo ya 68.

Umwami atanze, abashingamateka baca bakorana batari-nze guhamagarwa, ntibarenza umunsi ugira cumi Umwami atanze. Iyo abashingamateka boba barirukanywe kandi baratumyeko abandi, abakera baca baza gukora gushika aho abazobasubirira baje.

Kuva aho Umwami atangiye gushika aho uwundi azimira canke gushika aho bazoshiriraho uba arahagarikiye ikihugu, ba ministre niba baba bararaba igihugu.

Ingingo ya 69.

Nta mwami ashobora kwima atamaze imyaka 18. Ntiyoja ku ngoma atabanje kurahira ati :

« Ndarahiye imbere y'abashingamateka ko nzokurikiza ishimikiro ry'ingoma y'i Burundi n'amabwirizwa yabwo, ko nzokomeza ukwikukira kw'Uburundi kandi ko nzorwanira imbi-be zabwo ».

Ingingo ya 70.

Umwami atanze asiga umuhungu muto, abashingamateka barakorana, kugira ngo batore uzohagalikira igihugu n'abazolera inda y'ingoma.

L'acte de dissolution contient convocation des électeurs dans les quarante jours, et de chambre dans les deux mois.

Art. 61.

Le Mwami peut ajourner la chambre. Toutefois, l'ajournement ne peut excéder le terme d'un mois, ni être renouvelé dans la session sans l'assentiment de la chambre.

Art. 62.

Il a le droit de remettre ou de réduire les peines prononcées par les juges, sauf ce qui est statué relativement aux ministres.

Art. 63.

Il a le droit de battre monnaie en exécution de la loi.

Art. 64.

Il a le droit de conférer des titres de noblesse sans pouvoir y attacher jamais aucun privilège.

Art. 65.

Il confère les ordres militaires et civils, en observant à cet égard, ce que la loi prescrit.

Art. 66.

La loi fixe la liste civile pour la durée de chaque règne.

Art. 67.

Le Mwami n'a d'autres pouvoirs que ceux que lui attribue formellement la constitution et les lois particulières portées en vertu de la constitution même.

Art. 68.

A la mort du Mwami, la chambre s'assemble sans convocation, au plus tard le dixième jour après celui du décès. Si la chambre a été dissoute antérieurement, et que la convocation ait été faite, dans l'acte de dissolution, pour une époque postérieure au dixième jour, l'ancienne chambre reprend ses fonctions, jusqu'à la réunion de celle qui doit la remplacer.

A dater de la mort du Mwami, et jusqu'à la prestation du serment de son successeur au trône, ou du régent, les pouvoirs constitutionnels du Mwami sont exercés, au nom du peuple murundi, par les ministres réunis en conseil et sous leurs responsabilités.

Art. 69.

Le Mwami est majeur à l'âge de dix huit ans accomplis. Il ne prend possession du trône, qu'après avoir solennellement prêté, dans le sein de la chambre, le serment suivant :

« Je jure devant le parlement d'observer la constitution et les lois du peuple murundi, de maintenir l'indépendance nationale, et l'intégrité du territoire ».

Art. 70.

Si, à la mort du Mwami, son successeur est mineur, la chambre se réunit, à l'effet de pourvoir à la régence et à la tutelle.

Ingingo ya 71.

Umwami bimunaniye gutwara. ba ministre, bamaze kuvyihweza baca bahamagara abashingamateka kugira ngo bagene abamuhagarikira u'uzoraba igihugu.

Ingingo ya 72.

Umuntu umwe gusa niwe ahagarikira igihugu. Atangura akazi kiwe abanje kurahira nkuko bitegetswe mu ngingo ya 69.

Ingingo ya 73.

Igihugu kigihagarikiwe ntibashobora gubindura ishimikiro ry'amateka y'i Burundi.

Ingingo ya 74.

Habuze uwicara ku ngoma, abashingamateka batara uba arahagarikiye igihugu, gushika aho basubira gutora abashingamateka : ntiboreza amezi abiri batarabatora, Abashingamateka bashasha niba bashiraho impagarikira igihugu itavaho.

Umwami afashwa n'abashingantahe ba Karyenda batanu, batatu niwe abitorera, babiri batorwa n'abashingamateka.

Akazi kabo bantu n'ukuzwa barabacisha agace, dukuyemwo ivyavuzwe muriyi shimikiro.

Igice ca 2.

Ba ministre.

Ingingo ya 75.

Ntawuba ministre atari invukira canke uwo bahaye ako kazina.

Ingingo ya 76.

Ba ministre bashobora kuvugira mu bashingamateka na ba ministre batowe nkabo.

Abo lero baraja uko bashaka mu bashingamateka, kandi icyo bavuze kibwirizwa kwumvirwa.

Abashingamateka barashobora guhamagara ba ministre.

Ingingo ya 77.

Itegeko ry'Umwami avugishije umunwa canke yanditse ntirubaza ministre kw'abazwa ivyo yarasanzwe abazwa.

Ingingo ya 78.

Abashingamateka barashobora kurega n'ukujana ba ministre mur. sentare nkuru ya zose, niyo gusa ishobora kubacira urubanza, dukuyemwo icyo rizovuga kuvyerekeye ivyaha ba ministre bazokora batari mu kazi kabo kandi biterekeye akazi kabo.

Ingingo ya 79.

Umwami ntashobora kugirira ikigongwe ministre yaciriwe igihano.

Art. 71.

Si le Mwami se trouve dans l'impossibilité de régner, les ministres, après avoir constaté cette impossibilité convoquent immédiatement la chambre.

Il est pourvu à la tutelle et à la régence par la chambre

Art. 72.

La régence ne peut être conférée qu'à une seule personne. Le régent n'entre en fonction qu'après avoir prêté le serment prescrit par l'art. 69.

Art. 73.

Aucun changement à la constitution ne peut être fait pendant une régence.

Art. 74.

En cas de vacance de trône, la chambre pourvoit provisoirement à la régence, jusqu'à la réunion de la chambre renouvelée ; cette réunion a lieu, au plus tard dans les deux mois. La chambre nouvelle pourvoit définitivement à la régence.

Le Mwami sera assisté d'un conseil de la couronne, qui sera composé de cinq membres, dont trois seront désignés par le Mwami, et deux par le parlement.

Les attributions de ce conseil sont purement consultatives, sauf ce qui est dit à la présente constitution.

Section 2.

Des ministres.

Art. 75.

Nul ne peut être ministre s'il n'est murundi de naissance, ou s'il n'a reçu la naturalisation.

Art. 76.

Les ministres n'ont voix délibérative dans la chambre, quand ils en sont membres.

Ils ont leur entrée dans la chambre, et doivent être entendus quand ils le demandent.

La chambre peut requérir la présence des ministres.

Art. 77.

En aucun cas, l'ordre verbal ou écrit du Mwami ne peut soustraire un ministre à la responsabilité.

Art. 78.

La chambre des représentants a le droit d'accuser les ministres et de les traduire devant la cour suprême, qui seul, a le droit de les juger, sauf ce qui sera statué par la loi, quant à l'exercice de l'action civile par la partie lésée et aux crimes et délits que des ministres auraient commis hors de l'exercice de leurs fonctions.

Art. 79.

Le Mwami ne peut faire grâce au ministre condamné.

Ingingo ya 80.

Imburano zerekeye ivy'amatungo zicibwa na sentare.

Ingingo ya 81.

Imburano zerekeye ivyo gutegeka zicibwa na sentare, kiretse ivyakuwemwo n'ibwirizwa.

Ingingo ya 82.

Nta sentare n'imwe ishobora kubaho itashinzwe n'ibwirizwa.

IKIGABANE III.

Ubukuru bw'abacamanza.

Ingingo ya 83.

Imanza zicibwa icese kiretse iyo babonye vyotera umugumuko mu gihugu canke ar'agaterasoni, murico gihe sentare ibigerera mu rubanza.

Ku bintu vyerekeye ivyaha bikorwa mu gutwara, no mu kwandika ibinyamakuru, bataramukirwa abacamanza bavyemeje bose.

Ingingo ya 84.

Urubanza rwose rugomba gutangirwa, impamvu. Ruvugwa icese intahe ineka.

Ingingo ya 85.

Urubanza rwose rugomba gutangirwa impamvu. Ruvugwa Mu kivi c'amabi y'ubumenja, ubugarariji, ubuyobe, ubugesera n'ibibi bikorwa n'abatwara hamwe n'abanditsi b'ibinyamakuru, haba inâma rubamba.

Ingingo ya 86.

Abacamanza ba sentare Umwami niwe abatira, abashikiriye na ministre araba ivy'ubutungane.

Ingingo ya 87.

Abacamanza ntibarenza imyaka 10 y'ibikorwa vy'ukuca imanza iyo hasigaye umwaka umwe ico kiringo kitarahera, barashobora kwiyongeza ikiringo nkico nyene. Nta mucamanza ashobora gukurwa mu mwanya wiwe, canke ngo ahagarikwe hatabay urubanza.

Ntibishoboka gutuma ahandi umucamanza hatabaye icitiriro kishasha kandi atabanje kwiyemerera.

Ingingo ya 88.

Turetse ivy'itegeko rizoshinga, Umwami niwe yatira abakuru b'imanza bafasha ministre yashinzwe ubutungane, niwe yatira abandibacamanza, barondera imanza bazishikiriza ururimbi na sentare.

Ingingo ya 89.

Kirazira, umucamanza ntashobora kwemerera Leta ngo imuhere ikikorwa kihembwa, kiretse ashimye gukora ata mpembo, naho nyene hatari umuziro, itegeko riziririza.

Art. 80.

Les contestations qui ont pour objet des droits civils sont exclusivement du ressort des tribunaux.

Art. 81.

Les contestations qui ont pour objet des droits politiques sont du ressort des tribunaux, sauf les exceptions établies par la loi.

Art. 82.

Nul tribunal, nulle juridiction contentieuse ne peut être établie qu'en vertu d'une loi.

CHAPITRE III.

Du pouvoir judiciaire.

Art. 83.

Les audiences des tribunaux sont publiques, à moins que cette publicité ne soit dangereuse pour l'ordre ou les mœurs ; et, dans ce cas, le tribunal le déclare par un jugement.

En matière de délits politiques et de presse, le huis-clos ne peut être prononcé qu'à l'unanimité.

Art. 84.

Tout jugement est motivé. Il est prononcé en audience publique.

Art. 85.

Le jury est établi en toutes matières criminelles et pour délits politiques et de la presse.

Art. 86.

Les juges sont nommés par le Mwami, sur proposition du ministre de la justice.

Art. 87.

Les juges sont nommés pour un terme ne pouvant excéder dix ans, terme renouvelable un an avant son expiration. Aucun juge ne peut être privé de sa place, ni suspendu, que par jugement.

Le déplacement d'un juge ne peut avoir lieu que par une nomination nouvelle et de son accord.

Art. 88.

Le Mwami, sauf des cas à déterminer par la loi, nomme et révoque, sur proposition du ministre de la justice, les officiers du ministre de la justice, les officiers du ministère public près les cours et les tribunaux.

Art. 89.

Aucun juge ne peut accepter du gouvernement des fonctions salariées, à moins qu'il ne les exerce gratuitement ; et sauf les cas d'incompatibilité déterminés par la loi.

Ing'ngo ya 90.

Turetse ivy'itegeko rizokuraho, mu Burundi hariho sentare yambere, sentare y'iyungururizo na sentare ya nzirihera, ububasha bwazo bwerekeye imanza ziraba ba ministre, ivyegera vya ba ministre, abakozi ba Leta, n'abacamanza batiwe n'Umwami. Sentare ya nzirihera, itegeko niryabaranganyiriza, izoshobora kutorwamwo sentare y'isubizabuti canke y'ukusambura.

Ing'ngo ya 91.

Har'amategeko aringaniza ivyerekeye sentare abashikari, hamwe n'ububasha bwazo, akaringaniza ivyo abakozi b'izo sentare bategerezwa gukora maze akashinga n'ikihe bazorangeriza igikorwa cabo.

Har'ho na za sentare zagenewe imanza z'ubudandaza zikaba ahantu hagenwe n'ibwirizwa. Nyabwirizwa rirangura ingene zomera, ububasha bwazo, itora ry'abakozi bazo n'aho abo bakozi bazorangeriza ikikorwa cabo.

Ing'ngo ya 92.

Za sentare zisumbuye na za sentare nto, ntizizokwigera zikwirikiza amatéka n'amategeko, s'araba bese, s'ayashinzwe na province canke intara umuntu abamwo, bene kuyashinga batakurikije amabwirizwa.

IKIGABANE CA IV.

Amatéka ya za province na za commune.

Ing'ngo ya 93.

Amatéka ya za province na za commune agirwa n'amabwirizwa.

Ing'ngo ya 94.

Ukugira rusansuma, n'ukwandika, abavuka n'abapfa hamwe n'ukuzigama ibitabu vyanditswemwo, birabwa n'abakuru ba za commune.

UMURWI WA IV.

Ivy'amahera.

Ing'ngo ya 95.

Ntatori, ntagikorwa, ntagahato vyogirirwa Leta, province, canke commune, bitashinzwe n'ibwirizwa.

Ibwirizwa n'ryo rirangura ivyo bazocishirizamwo za province na za commune habaye inkenerwa.

Ing'ngo ya 96.

Ikorwa rya Leta ritorwa kumwaka, Amabwirizwa aritegereza umwaka umwe, kiretse basubiye kuyashinga.

Ing'ngo ya 97.

Nta nkunzi kw'ikorwa. Ntakufuta kw'ikorwa canke kurigabanya kwohaba bitavuye kw'ibwirizwa.

Art. 90.

Sauf s'il y est dérogé par la loi, il y a en Burundi un tribunal de première instance, une cour d'appel et une cour suprême, dont les attributions seront restreintes au jugement des ministres, chef de cabinet, fonctionnaires, et juges nommés par le Mwami. La cour suprême pourra par l'effet d'une loi, être érigée en cour de cassation.

Art. 91.

Des lois particulières règlent l'organisations des tribunaux militaires, leurs attributions, les droits et obligations de membres de ces tribunaux et la durée de leurs fonctions. Il y a des tribunaux de commerce dans les lieux déterminés par la loi.

Elle règle leur organisation, leurs attributions, la mode de nomination de leurs membres, et la durée des fonctions de ces derniers.

Art. 92.

Les cours et tribunaux n'appliqueront les arrêtés et règlements généraux, provinciaux et locaux, d'autant qu'ils seront conformes aux lois.

CHAPITRE IV.

Des institutions provinciales et communales.

Art. 93.

Les institutions provinciales et communales sont réglées par des lois.

Art. 94.

Les rédactions des actes de l'état civil et la tenue des registres sont exclusivement dans les attributions des autorités communales.

TITRE IV.

Des finances.

Art. 95.

Aucun impôt, aucune charge, aucune imposition au profit de l'état, des provinces et des communes ne peut être établi que par une loi.

La loi détermine des exceptions dont l'expérience démontrera la nécessité, au profit des provinces et des communes.

Art. 96.

Les impôts au profit de l'état sont votés annuellement. Les lois qui les établissent n'ont de force que pour un an, si elles ne sont renouvelées.

Art. 97.

Il ne peut être établi de privilège en matière d'impôts. Nulle exemption ou modération d'impôt ne peut être établie que par une loi.

Ingingo ya 98.

Atari hamwe ibwirizwa ribirangura neza. ntarindi sororo ritegerezwa kwakwa abarundi. atari izina kōri rya Leta rya province canke rya commune.

Ingingo ya 99.

Nta pension, nta nshumbusho bishobora gutangwa na Leta bitashinzwe n'ibwirizwa.

Ingingo y' 100.

Uko umwaka utashe, abashingamateka bashingira itegeko ry'ukuharura « Comptes » bagera « Budjet » indaha y'ivyinjira n'ibisohoka. Amafranka ya Leta yinjira n'ayasohoka yandikwa muri « Budjet » no muri « Comptes ».

Ingingo y' 101.

Igihari c'ubuharuzi gitorwa n'abashingamateka, ibwirizwa niry'o rishinga umwanya nya kihari kizomara muriryo banga. Ico kihari cagenewe kusuzuma n'ukurangura ibihariro vy'amatungo y'akamaro ka bose. Uyo murwi utegerezwa kurinda neza ntihabe ugusesagura, ntihabe ikirenga ku cacawe, ntihagire ikicunguzwa ngo cimurigwe ahandi. Uyo murwi niwo ugira amategeko ku kitigiri cagenewe imyuga ya Leta. Uyo murwi niwo wagenewe kuraba ubukene n'ibikenewe. Imparuro ye vyose ishikirizwa abashingamateka, hamwe n'ivyiyumviro vy'uwo murwi n'iharura.

Ico kihari kiringanizwa n'ibwirizwa.

Ingingo y' 102.

Ibwirizwa rizinganiza ingene Leta izofasha mu mafranka y'inshumbushanyo n'impembo vy'abakuru b'amadini.

UMURWI WA V.

Inteko z'abasirikare.

Ingingo y' 103.

Uburyo bw'ugutora ingabo z'abasoda bugirwa n'ibwirizwa. Nyabwirizwa ritegeka uburyo baduzwa, ububasha bwabo n'ivyo inteko zitegerezwa.

Ingingo y' 104.

Ingabo zitorwa uko umwaka utashe. Ibwirizwa ribitegereza rimara umwaka umwe, iyo ritasubiwemwo.

Ingingo y' 105.

Ukuringaniza abapolisi n'ububasha bwabo n'ibwirizwa.

Ingingo y' 106.

Nta musirikali w'akavamahanga yokundirwa kuja mubikorwa vya Leta kugerera canke kunyura mu gihugu, bitavuye kw'ibwirizwa.

Art. 98.

Hors les cas formellement exceptés par la loi, aucune rétribution ne peut être exigée des citoyens, qu'à titre d'impôt au profit de l'état, de la province ou de la commune.

Art. 99.

Aucune pension, aucune gratification à charge du trésor public, ne peut être accordé qu'en vertu d'une loi.

Art. 100.

Chaque année, la chambre arrête la loi des comptes et vote le budget. Toutes les recettes et dépenses de l'état doivent être portées au budget et dans les comptes.

Art. 101.

Les membres de la cour des comptes sont nommés par la chambre des représentants et pour le terme fixé par la loi. Cette cour est chargée de l'examen et de la liquidation des comptes de l'administration générale, et de tous comptables envers le trésor public. Elle veille à ce qu'aucun article des dépenses du budget ne soit dépassé, et qu'aucun transfert n'ait lieu. Elle arrête les comptes des différentes administrations de l'état, et est chargée de recueillir à cet effet tout renseignement et toute pièce nécessaire. Le compte général est soumis à la chambre avec les observations de la cour des comptes.

Cette cour est organisée par une loi.

Art. 102.

Une loi organisera l'intervention de l'état dans les pensions et traitements des ministres des cultes.

TITRE V.

La force publique.

Art. 103.

La mode de recrutement de l'armée est déterminée par loi. Elle règle également l'avancement, les droits et les obligations des militaires.

Art. 104.

Le contingent de l'armée est voté annuellement. La loi qui le fixe n'a de force que pour un an, si elle n'est renouvelée.

Art. 105.

L'organisation et les attributions de la gendarmerie font l'objet d'une loi.

Art. 106.

Aucune troupe étrangère ne peut être admise au service de l'état, occuper ou traverser le territoire, qu'en vertu d'une loi.

Ingingo y' 107.

Ukuringaniza ibice vy'inteko zirinda igihugu bishingwa n'ibwirizwa.

Ingingo y' 108.

Abashirikare ntibonyagwa ubukuru, amapete n'impembo vya-bo, bitatunwe n'ibwirizwa.

UMURWI WA VI.

Imigabo bose bahwanirako.

Ingingo y' 109.

Uburundi bwatoye amabara y'akatsi gatoto, iryera n'iritukura ; ingabo y'ubwami n'ingoma, amacumu n'intambwe. (Intare).

Ingingo y' 110.

Ibwirizwa rizogena aho umurwa mukuru w'i Burundi n'iki-banza c'intebe ya Leta bizoba.

Ingingo y' 111.

Ntawohatirwa ku ndahiro itashinzwe n'ibwirizwa. Ibwirizwa n'ryo rirangura indahiro iyariyo.

Ingingo y' 112.

Umunyamahanga wese aguma mu kihugu c'i Burundi atungwa nk'abandi bantu itunga ryiwe rikasonerwa nk'ivy'abandi, kiretse hari agacyemwo karangwe n'ibwirizwa.

Ingingo y' 113.

Nta bwirizwa, nta teka canke itegeko ry'ubugavyi bw'Uburundi bwose, bwa provense canke bwa commune rashobora gukwirikizwa ritamaze kutangazwa ku buryo ibwirizwa rivuga.

Ingingo y' 114.

Ishimikiro ntirishobora kuhagarikwa ryose canke haba n'iki-ce caryo.

UMURWI W' VII.

Ukushubira kwihweza ishimikiro.

Ingingo y' 115.

Ubukuru nshingamateka bufise ububasha bw'ukuvuga y'uko bibereye kusubira kwihweza iri shimikiro ry'ubu, k'uburyo bwerekanywe n'ubwo bukuru nshingamateka.

Hanyuma y'uko kumenyeshya, inama y'abashingamateka ica itanga imihoho, atayindi nkomakomyi, maze lero bakahamagara iyindi nshasha, irimwo abashingantahe bay'horanwo, icyo nama nshasha ica yikoranya n'abajenama b'ingoma.

Iyo nama imaze kushingwa guryo, izoca itanya ibintu vyashinzwe vy'ugusubira kwihwezwa, kandi ntizoshobora kubijamwo inama itabonetse, ahubwo ibice bitatu vy'abajenama hari ngaho.

Hatabonetse abajenama bashika ku bice bitatu nta kuhindura kuzohaba.

Art. 107.

L'organisation d'une garde civique est éventuellement réglée par une loi.

Art. 108.

Les militaires ne peuvent être privés de leur grade, honneur et pension, que de la manière déterminée par la loi.

TITRE VI.

Dispositions générales.

Art. 109.

La nation burundi adopte les couleurs vert, blanc et rouge ; et pour arme du royaume le tambour, les lances et le lion.

Art. 110.

La loi décidera de l'endroit où la capitale du Burundi et siège du gouvernement s'établira.

Art. 111.

Aucun serment ne peut être imposé qu'en vertu de la loi. Elle en détermine le formule.

Art. 112.

Tout étranger qui se trouve régulièrement sur le territoire du Burundi jouit de la protection accordée aux personnes et aux biens, sauf les exceptions établies par la loi.

Art. 113.

Aucune loi, aucun arrêté ou règlement d'administration générale, provinciale ou communale, n'est obligatoire qu'après avoir été publié dans la forme déterminée par la loi.

Art. 114.

La constitution ne peut être suspendue en tout ni en partie.

TITRE VII.

De la révision de la constitution.

Art. 115.

Le pouvoir législatif a le droit de déclarer qu'il y a lieu à la révision de la présente constitution, dans les dispositions qu'il désigne.

Après cette déclaration, la chambre de représentants est dissoute, de plein droit, et il en sera convoquée une nouvelle, composée des membres en faisant partie, auxquels seront adjoints les conseillers de la couronne.

Cette chambre ainsi constituée, statuera sur les points soumis à la révision, et ne pourra délibérer que si les deux tiers au moins de ses membres sont présents.

Nul changement ne sera adopté s'il ne réunit pas au moins les deux tiers des suffrages.

UMURWI W' VIII.

Imigabo ihita.

Ingingo y' 116.

Kushika aho itegeko rizobirangura, abashingamateka bazorekurirwa ububasha bw'ukurega ministre, sentare isumba zose, nayo izorekurirwa kumucira urubanza mukurangura ica-ha yakoze n'ikihano akwiye.

Arika lero igihano ntikizoruta ukufungwa ubutacaruka bitabujije yamara ko aronka ibindi bihano vyarangurwe n'ibwirizwa.

Ingingo y' 117.

Abakozi bo mu ma Parke na za sentare baguma nkuko bahora kushika habaye itegeko ritagereza ukundi.

Iryo tegeko rizorinda kuca imbere y'abashingamateka batanguye kusasa ubwambere.

Ingingo y' 118.

Ku muni ishingiro rizoba ritagerejwe kukwirikizwa, amabwirizwa yose, amateka yose n'amategeko yose akiye kubiri n'iryo shingiro, araciye.

Imigabo y'intera.

Ingingo y'119.

Ubukuru nshingamateka buzogir'umwete kugira ngo mu muni yavuba hakorwe amabwirizwa yandi, azoringaniza ibi bintu bikwirikira :

1) Uguca amabwirizwa y'agacyemwo n'ugusubira kwihweza amabwirizwa yose, amateka n'amategeko yose yari yashinzwe n'abaturera.

2) Za finanse (ivy'amafranka).

3) Ukuringaniza za province na commune.

4) Ukuringaniza ivy'imanza na jury (rubamba, imvugakuri).

5) Ukuringaniza ibintu bibazwa ba ministre n'abakozi b'ubwo bubasha.

6) Kufata imigabo y'ukubuzwa imirimo ibiri n'impembo zibiri z'ukwirundirako.

7) Ugutegura ivy'inteko z'abasirikare.

Ingingo y' 120.

Amatazirano y'Ubuhizi bw'Umwami bw'i Burundi ngaya :

« Imāna, Umwāmi n'Uburundi ».

Ingingo y' 121.

Iri shimikiro ritangura kukwirikizwa kuva umuni w'ukuritangaza muri kagace ka Leta y'i Burundi.

TITRE VIII.

Dispositions transitoires.

Art. 116.

Jusqu'à ce qu'il y soit pourvu par une loi, la chambre des représentants aura un pouvoir discrétionnaire pour accuser un ministre, et la cour suprême pour le juger, en caractérisant le délit, et en déterminant la peine.

Néanmoins, la peine ne pourra excéder celle de la réclusion, sans préjudice des expressément prévus par les lois pénales.

Art. 117.

Le personnel des cours et tribunaux est maintenu tel qu'il existe actuellement, jusqu'à ce qu'il ait été pourvu par une loi.

Cette loi devra être portée devant la première session législative.

Art. 118.

A compter du jour où la constitution sera exécutoire toutes les lois, décrets, arrêtés, règlements et autres actes qui y sont contraires, sont abrogés.

Dispositions supplémentaires.

Art. 119.

Le pouvoir législatif tiendra la main à ce qu'il est légiféré par des lois spéciales, et dans le plus court délai possible au sujet des objets suivants :

1. — L'abolition des lois d'exception et la révision de toutes autres lois, décrets et ordonnances édictées par la tutelle.

2. — Les finances.

3. — L'organisation provinciale et communale.

4. — L'organisation judiciaire et l'organisation du jury.

5. — La responsabilité des ministres et autres agents du pouvoir.

6. — Les mesures propres à prévenir les abus du cumul et des trusts financiers.

7. — L'organisation de l'armée.

Art. 120.

La devise du Royaume du Burundi est :

« Dieu, le Mwami et le Burundi ».

Art. 121.

La présente constitution entre en vigueur le jour de sa publication au Journal officiel du Burundi.

Iri shimikiro tutararitangaje, tutegetse ko ryambikwa ikimenyamenya c'Ubwami, kandi rigireko ritangazwe mu nca-gace ya Leta y'i Burundi.

Ritangiwe i Bujumbura, kuwa 23 novembri 1961.

n'Umwami.
Na Ministre wa mbere,

Na Ministre w'intwari y'igihugu,

Ndaribonye kandi ryambitswe ikimenyamenya c'Ubwami.
Ministre w'ianza

Promulguons la présente constitution, ordonnons qu'elle soit revêtue du sceau du Royaume, et publié par le journal officiel du Burundi.

Donné à Usumbura, le 23 novembre 1961.

Par le Mwami,
Le Premier ministre

Le ministre de l'intérieur,

Vu et scellé du sceau du Royaume.
Le ministre de la justice,

MUHIRWA.

NTIRUHWAMA.

NUWINKWARE.

Ibwirizwa ry'itariki 26 febuari 1962 ryerekeye itangazwa ry'amategeko y'abategetsi b'intara y'Uburundi.

MWAMBUTSA WA 4.

Umwami w'i Burundi.

Mwese, abariho n'abazovuka, Mwaramutse.

Ngibi ivy'abashingamateka bageze kandi natwe twemeje :

Turavye cane cane mu ngingo 113, y'ishimikiro y'amateka yemejwe n'itegeko nshingamateka n° 01/20 ry'itariki 30 yanwari 1962 ;

Tusubiyemwo itegeko nshingamateka n° 09/280 ry'itariki 17 ogusto 1961 ryerekeye amategeko y'abategetsi bo mu Burundi.

Twemeje ibi :

Ingingo ya 1.

Amabwirizwa atangazwa mu kinyamakuru ca Leta, mu gihe vy'ihuta, babimanika mu gisagara kikuru ca Leta y'Uburundi. Amategeko y'Umwami n'aya ba ministre n'ayandi mateka y'abategetsi yerekeye igihugu cose agomba nayo kwandikwa mu kinyamakuru ca Leta.

Ingingo ya 2.

Amabwirizwa araba abantu bose bo mu gice kimwe c'Uburundi azomanikwa mu'ico gice nyene gusa.

Ingingo ya 3.

Ayandi mateka bayarungikira abo yerekeye. Naho iyo ari ngombwa kutangazwa bayandika mu ncamake mu kinyamakuru ca Leta.

Loi du 26 février 1962 sur la publication des actes officiels des autorités publiques du pays du Burundi.

MWAMBUTSA IV.

Mwami du Burundi.

A tous présents et à venir. Salut.

L'assemblée législative du pays a adopté et nous sanctionnons ce qui suit :

Vu, spécialement en son article 113, la constitution du Royaume du Burundi approuvée par l'ordonnance législative n° 01/20 du 30 janvier 1962 ;

Revu l'ordonnance législative n° 09/280 du 17 août 1961 sur la publication des actes officiels du Burundi,

Avons décrété et décrétons :

Article premier.

Les lois sont publiées par insertion au Bulletin officiel du Burundi et, en cas d'urgence, par affichage au chef-lieu du pays. Il en est de même des arrêtés du Mwami, des arrêtés ministériels et des actes administratifs qui émanent d'une autorité compétente pour l'ensemble du pays lorsqu'ils intéressent la généralité des habitants.

Art. 2.

Les actes administratifs qui intéressent la généralité des habitants et qui émanent d'autorités compétentes agissant dans un cadre territorial plus restreint que celui du pays sont publiés par affichage dans la circonscription territoriale intéressée.

Art. 3.

Les autres actes administratifs sont notifiés aux intéressés et, si la publication présente un intérêt public, ils sont en outre publiés par extrait au Bulletin officiel du Burundi.

Ingingo ya 4.

Amabwirizwa yo mu ngingo ya mbere yihutirwa kutangazwa. rwandiko rwayo rumara ukwezi rumanitswe kurugi rw'ibiro ministre wa mbere akoreramwo. Ayo mu ngingo ya 2 nayo urwandiko rumanikwa aho umukuru w'ico gice akorera.

Izo nyandiko zizoba zifise itariki ry'umunsi bazimanikiyeko.

Ingingo ya 5.

Iyo ayo mabwirizwa atavuga umunsi azotangura kukurikizwa, n'ukuvuga ko azotangura umunsi ugir'icumi bayamanitse.

Ingingo ya 6.

Kiretse bihindutse canke umunsi amabwirizwa agomba kukurikizwa yagenwe mu ngingo ya 5, amabwirizwa yose yangajwe mu kinyamakuru ca Leta atangura kukurikizwa umunsi ugir'icumi guhera inyuma y'itariki y'ico kinyamakuru yanditswemwo.

Ingingo ya 7.

Amabwirizwa araba bamwe bamwe agomba kukurikizwa umunsi bamaze kuyamenyeshwa.

Ingingo ya 8.

Amabwirizwa bamaze kumanika nkuko biri mu ngingo ya 4 ategerezwa nayo kutangazwa mu kinyamakuru ca Leta.

Ingingo ya 9.

Ikiguzi n'uburyo bashobora karonka ico kinyamakuru bizomenyeshwa n'itegeko rya ministre.

Turemeje iri teka, tutegetse ko barishirako ikashe ya Leta kandi rikatangazwa mu kinyamakuru ca Leta.

Usumbura, itariki 26 febuari 1962.

Bihawe Umwami,
na ministre w'ivyerekeye ivy'imanza.

Bibonywe kandi bishizweko kashe na.

Art. 4.

Lorsque la publication se fait par voie d'affichage une copie conforme de l'acte est affichée pendant un mois à la porte du bâtiment occupé soit par le premier ministre dans les cas prévus à l'article premier, soit par l'autorité administrative qui administre la circonscription dans les cas prévus à l'article 2.

Mention du jour où l'affichage a commencé est faite, sur la copie affichée par le premier ministre ou l'autorité qui administre la circonscription ou par leurs délégués.

Art. 5.

Si la date de leur mise à exécution n'est pas déterminée autrement, les actes publiés par voie d'affichage deviennent obligatoires dans tout le pays ou dans la circonscription intéressée le dixième jour de l'affichage.

Art. 6.

A moins qu'il n'en soit disposé autrement ou que la date d'entrée en vigueur ne soit déterminée par celle de l'affichage les actes insérés au Bulletin officiel du Burundi sont obligatoires dans le pays 10 jours francs après la date du numéro de ce journal qui les contient.

Art. 7.

Les actes n'intéressant pas la généralité des citoyens deviennent obligatoires à dater de la notification aux intéressés.

Art. 8.

La publication des actes officiels par voie d'affichage ne dispense pas de la publication au Bulletin officiel du Burundi.

Art. 9.

Le prix et conditions d'abonnement au Bulletin officiel du Burundi sont fixés par arrêté ministériel.

Promulguons la présente loi, ordonnons qu'elle soit revêtue du sceau de l'état et publiée au Bulletin officiel du Burundi.

Donné à Usumbura, le 26 février 1962.

Par le Mwami,
Le ministre de la justice

Vu et scellé du sceau de l'état.

MWAMBUTSA IV.

NUWINKWARE.

NUWINKWARE.

Ibwirizwa ryo kuwa 23 yanwari 1962, ryerekeye ukurema jury (n'ukuvuga abashingantahe-rugamba-imbvugakuri) yihweza ibintu vyerekeye ibibi-mahano no kuvyaha mu ntwaro y'agakazo n'ibiva mu nzandiko z'ibinyamakuru birenz'urugero.

MWAMBUTSA IV,

Umwami w'i Burundi,

Mwese abariho n'abazovuka, Mwaramutse.

Turavye ibwirizwa ryo kuwa 21 ogusto 1925 kuvyerekeye intwaro ya Rwanda-Burundi ;

Turavye itegeko ryo ku wa 5 yuli 1948, ryakuwe n'itegeko ryo kuwa 16 yuli 1960 mu vyerekeye iringaniza rya za sentare zitari imvukira za Rwanda-Burundi ;

Turavye itangazo nshingamateka n° 02/331 ryo kuwa 19 octobri 1961 ku vyerekeye inama-nshingamateka y'i Burundi ;

Turavye ingingo-nshingamateka n° 02/235 yo ku wa 15 yuli 1961 ku vyerekeye amabwirizwa Uburundi bushingiyeko, nkuko buhinduwe uyu muni, kubera ko Leta yacu yegereje iminsi y'ukwikukira, ko kuv'ubu, Uburundi bumaze kugira aho bwigeze mu vy'ubutegetsi, na cane cane nko mubiraba inshingamateka n'imburano (imanza).

Kubera ko Leta y'i Burundi ibona ko inama nshingamateka itarashobokera gukora ibitabu bikwiye, kimwe c'ama-tegeko ahana amabi, ikindi c'inyigisho zihana amabi, itege-rezwa kuba irafata imigabo y'ukuringaniza uburyo bw'ugutegekanya imvukira z'i Burundi mu vy'imanza, zino mvukira zifatanye kuca imanza zerekeye amabi asumba nk'ukwica ubuzima n'amagara vy'abantu canke izerekeye amabi adurumbanya amahoro n'umutekano w'igihugu, cane cane amahano ageramiye intwaro z'intara n'ibinyamakuru.

Kubera ko mu Burundi, ikirindi c'intahe y'ubutungane kifashwe n'umurwi w'abacamanza batiwe n'Ububiligi.

Kubera ko akaranga k'ibibi n'ivyaha kari mu gitabu c'amateka y'ibihano cagizwe n'abarezi kikaba kizogumaha kushika umusi kizocibwa.

Kubera ko, n'ubwo za sentare zisumbuye, zibaye zirarekerwamwo abacamanza b'ababiligi ngo bagume aribo bakuru, ibituma vy'urwihute, biragaragara bituma Leta gushira iruhande y'abo bacamanza b'ababiligi abacamanza kavukire b'igihugu ;

Kubera ko inyigisho n'imenyakuri (jury sprudence) bigikora mu bihugu bikirezwe, vyamye birekura ngo mu migenzo ikwirikizwa mu mburano, iyo habaye ibwirizwa rihingura ivyaha hahora baca bakoresha buno nyene iyo atakibibuzwa naho boba baramaze kwitwara irya mbere ritarahingurwa. (Raba aho Schuid abivuga mu kitbu yanditse citwa, Traité pratique de droit criminel page 78 umwaka 1942).

Turavye ko hari n'ikindi kirushaho, n'uko bose babona ko itora rya rugamba imbvugakuri (jury) ryongereza icubahirizo c'abacamanza ku bayobe bitwarirwa, rugamba imbvugakuri nayo ibabera ingwati y'ubukiriro.

Loi du 23 janvier 1962 relative à la création d'un jury portant sur les matières criminelles, délits politiques et de presse.

MWAMBUTSA IV,

Mwami du Burundi,

A tous présents et à venir, Salut.

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu le décret du 5 juillet 1948 abrogé par le décret du 16 juin 1960 portant l'organisation judiciaire des tribunaux non-indigènes au Ruanda-Urundi ;

Vu l'ordonnance législative n° 02/331 du 19 octobre 1961 sur l'assemblée législative du Burundi ;

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961 sur les Institutions du Burundi, tel que modifié à ce jour ;

Attendu que notre Etat est sur le point d'accéder à l'indépendance totale ;

Attendu que dès à présent, il jouit d'une certaine autonomie, notamment dans les domaines législatif et judiciaire ;

Attendu que le gouvernement du Burundi considère qu'en attendant que le Parlement soit en mesure d'opérer une réforme complète du code pénal et du code d'instruction criminelle il lui incombe, pour les crimes les plus graves intéressant la vie et l'intégrité physique des personnes ou l'ordre et la sécurité publics, d'organiser un système prévoyant la participation des nationaux à la justice, notamment pour les délits criminels, politiques et de presse ;

Attendu que la justice est actuellement rendue au Burundi par un corps de Magistrats nommés par la Belgique ;

Attendu que la qualification des crimes et délits est prévue par le code pénal instauré par la tutelle et qui demeurera jusqu'à son abrogation ;

Attendu que tout en maintenant à la tête des cours et des tribunaux, les magistrats belges qui les président, il est apparu urgent au gouvernement de faire intervenir, pour les affaires les plus graves, aux côtés de ces magistrats, des éléments nationaux ;

Attendu que la doctrine et la juri sprudence en vigueur dans les pays de la tutelle ont toujours admis qu'en matière de procédure, toute loi modificatrice est immédiatement applicable, sauf disposition contraire, même si l'acte a été antérieurement intenté. (Voyez Schuid, Traité Pratique de Droit Criminel éd. de 1942, p. 78 et autorité citée notamment Cassation 28 novembre 1922, 1923 I, 84).

Attendu qu'au surplus, il est universellement considéré que l'assistance d'un jury constitue pour les accusés une garantie supplémentaire à l'indépendance des juges.

Kubera ko iri bwirizwa ritegerereza itora rya rugamba-imbvugakuri (jury) kuvyerekeye amabi n'ivyaha b'isumba ibindi vyerekeye ukwica ubuzima n'amagara vy'abantu n'ivyerekeye kudurumubanya amahoro n'umutekano w'igihugu, ritegerereza na rugamba-imbvugakuri (jury) ituma ko banyakuregwa bagira iteka n'itekane, tubona ko atakibuzwa iri bwirizwa kushimikishwa, n'ukuca rikora ubu nyene.

Turavye ingingo ya 85 y'ishimikiro ry'i Burundi ryemewe kuwa 26 novembri 1961.

Turavye inkenerwa y'ukwikukira.

Inama nshingamateka yaravyemeye natwe turabivumereye : rivumereye :

Ingingo ya 1.

Mukivi sentare canke sentare nkuru isubiramwo imanza, izoba itegerereye kwihweza inama nk'izi zikwirikira :

a) Inama z'ibihano zikwirikirana ibibi bifise ibihano vy'inyaka 15 n'iyisumba.

b) Imanza zerekeye ku vyaha vy'abatwara no ku vyaha vy'abanditsi b'imbaramakuru bifise ibihano vy'inyaka 5 n'ibirenga, bazorinda kurondera ababafasha mu kivi c'imburano no mukivi c'urubanza.

Bazofashwa n'umurwi w'abashingamateka 13, bitwa rubamba-imbvugakuri. Mukivi bazoba bakirondera ministre w'imanza, ni yabona ko ari inkenerwa, azoshobora kusaba ngo bamuhe yihweze amajambo amaze kurondera azerekeye.

Sentare, iyo ibisabwe n'ishinga-rubanza (ministère public), canke n'uwiburanira, canke intumwa iburanira utashobora kwivugira, izoshinga mu rubanza rw'intangamarara. y'uko urubanza bayishikiriye ruri mu bwoko bw'imanza zavuzwe aha haruguru.

Urwo rubanza ntangamarara rushingwa mu masaha mirongo ibiri n'are y'ugurangura impamvu zarwo. Ukunguruzwa urwo rubanza muri sentare yisumbuye kugirwa mu mibarwa itatu kuva kumunsi rwacirirwako : nako ugusubira muri urwo rubanza, kuzorangurwa n'ingingo ya 41 yiteka ryo kuwa 6 agusho 1959 rwuga ingendo y'ukuhasha amabi mu Rwanda-Burundi.

Ingingo ya 2.

Itondamurungo rya ba rugamba-imbvugakuri ryagenewe kufasha za sentare mu mwaka, rizotondeywa kurubu buryo bukwirikira :

Mu misi 15 kuva aho iri bwirizwa rizoba rimaze gutangazwa, naho mu yindi myaka mu mibarwa iri hagati y'iminsi 15 na 30 novembri, administrateur wa province, amaze kubanza inama ya commune n'abashingantabe bo kumugina : azoshikiriza amazina aye y'abarundi b'abagabo batiwe batowe muri commune imw'imwe yose, babe bafise ububasha bwabo bw'ugutwara n'ugutegeka, babe bafise imyaka 25 n'itarenge imyaka 60, batangure bafise ubupfasoni mu kubaho kwabo no mu migendo myiza, babe bazi kuvuga, kusoma n'ukwandi-ka ikirundi canke ikifransa.

K'razira y'uko, abasirikare, abapolisi, abigisha amadini, abakozi ba Leta n'abashingamateka bandikwa kur'iryo tondamurungo.

Attendu que la présente loi organisant un jury pour tous les crimes et les délits particulièrement graves intéressant la vie et l'intégrité physique des personnes ainsi que l'ordre et la sécurité de l'état, et le jury constituant une garantie supplémentaire pour l'accusé, il n'y a aucun inconvénient à rendre cette loi plus favorable, immédiatement applicable.

Vu, spécialement en son article 85, la constitution du Burundi votée en date du 26 novembre 1961 ;

Vu l'urgence ;

L'Assemblée législative a adopté et nous édictons :

Article premier.

Lorsqu'un tribunal ou la cour d'appel aura à connaître :

a) des affaires pénales relatives à des infractions pour lesquelles une peine de 15 ans de servitude pénale ou davantage est promulguée ;

b) des affaires relatives à des infractions politiques ou délits de presse, pour lesquelles une peine de 5 ans ou davantage de servitude pénale est promulguée ;

Ils devront se faire assister à la phase de l'instruction d'audience et de jugement par un jury composé de 13 jurés.

Durant le temps de l'enquête de telles affaires, le ministre de la justice pourra, s'il le juge nécessaire, demander en communication le dossier déjà constitué.

Le tribunal, à la requête du ministère public, de la défense, ou de la partie civile, décidera, en jugement préliminaire, si l'affaire lui soumise entre dans la catégorie des affaires prévues ci-dessus.

La décision est rendue dans les vingt-quatre heures de la mise en libéré. L'appel de cette décision doit être interjeté dans les trois jours de son prononcé (et l'appel sera réglé par l'article 41 du décret du 6 août 1959, portant code de procédure pénale pour le Ruanda-Urundi.

Art. 2.

La liste des jurés appelés, au cours d'une année, à prêter leur ministère aux cours et aux tribunaux, sera dressée comme suit :

Dans la quinzaine de la publication de la présente loi : et les autres années, entre quinze et trente novembre, il sera proposé par l'administrateur de chaque province et après consultation du conseil communal et notables de chaque commune, quatre noms des burundi mâles par commune, jouissant de leur droit civil et politique, âgés de vingt-cinq ans minimum et soixante ans maximum de bonne vie et mœurs, et sachant parler, lire et écrire le kirundi ou le français.

Seront omis de cette liste, les militaires, policiers, ministres de cultes et du gouvernement et les parlementaires.

Ayo mazina yabo bashingantahe ategerezwa kushikirizwa minstre yashinzwe intworo yo hagati mu kihugu.

Administrateur uwariwe wese wa province azoramuka atashikirije abo bashingantahe mu kiringo cashinzwe, azoshobora kukwirikira ahanwe ikihano c'umunyororo uva ku minsi 8 kushika iminsi 30 n'ihazabu ry'amafranga 1.000 canke ikihano kimwe murivyo ; ivyo ntibubijije ko yokwirikira ku bindi vyaha vyamuhwaniyeko akabihanigwa.

Iyo administrateur atashoboye gukwiza igitigiri c'abantu babikwiye nkuko tumaze kubivuga ku murongo uheruka, azopfa kurungika amazina y'abo yatororoye, agireko yigane ingene yahebuye yari yarondeye ashaka kurangura ubutumwa bwiwe.

Amazina yamenyeshejwe kurtyo, minstre yagenewe intworo yo hagati mu gihugu, azosubira kuyandika ku rupapuro rumwe mu gukwirikiza urutonde rw'indome. Urwo rutonde minstre azorurambako akamenyamenya, aheze arungikire minstre yashinzwe ivyerekeye ubutunzi impapuro z'iyimuriro zitatu. Minstre yashinzwe ivy'ubutungane nawe arungikire sentare ifise ububasha, impapuro zibiri z'ivy'umw'umwe. Amazina y'abatowe aramutse abaye muni y'igitigiri c'amajana atanu, minstre atunganya intworo yo hagati mu gihugu, azosaba ba administrateur ba province zirimwo abantu benshi, bagire urundi rutonde rw'amazina y'ukushikana kukitigiri.

Ingingo ya 3.

Iminsi 15 imbere y'umubarwa washinzwe w'ukuburana, umukuru wa sentare ya mbere canke yisumbuye, ar'imbere y'intumwa zagenwe kuburanira abatashobora kwivugira, ar'imbere y'abashinga rubanza, ar'imbere y'abitwarirwa bahagarikiwe n'abahanuzi babo, azolora muntoro y'ubufindo bufindiwe kumazina y'abashingantahe rugamba-mvugakuri 24, abonyene ace abatumako we nyene.

Itora ry'abo bashingantahe 24 bitwa rugamba--mvugakuririzogirwa mu mwaka umwe w'ikirundi uherana n'umunsi 31 desembri : Urwo rutonde rw'amazina 24 nirwo bazogirirako ubufindo bw'ugucekera buzogirwa imbere y'umusaso wose w'abarugamba. Mu kivi habaye ukwunguruza urubanza muri sentare yisumbuye ngo rusubirwemwo, inama nshasha ya barugamba igirwa kuburyo iya mbere yagizwe, mugabo abashingantahe rugamba bari muri sentare ya mbere ntibashobora kujya muri runo banse kujamwo mbere, iyo ruramutse rwungurujye muri sentare nkuru.

Ingingo ya 4.

Iyo umubarwa washinzwe ushitse, amazina y'abashingantahe rugamba 24 yamaze gucekerwa mu ngingo ya 3 bayashira munkono zagenewe kushirwamwo impapuro z'itorero. Inama rugamba mvugakuri izorondera urubanza n'ukuzorutanya izogirwa ku minsi bazokura munkono z'ubufindo bw'itora amazina 13 z'abashingantahe-rugamba, batazoba basabwe ngo bareke kwinjira murubanza, bivuye ari kuntumwa iburanira utashobora kwivugira, canke n'umushinga rubanza canke na nyakuregwa.

Abo bose tuvuye, umwe wese ashobora kwihakana ba rugamba batarenga batatu niyo hatagira igituma.

Haramutse habaye banyakuregwa benshi, mu kwihakana barugamba ngo ntibaje mu rubanza, barinda kwifatanya kugira ngo babihakanire hamwe kuko igitigiri ca barugamba batatu ntabwo kishobora kurenga ngaho, si ku baburanirwa si no kubiburanira.

Ces déclarations devront parvenir au ministre de l'intérieur. Tout administrateur de province qui n'aura pas effectué cette déclaration dans le délai imparti, sera susceptible d'être poursuivi et condamné à une peine de 8 jours à un mois de servitude pénale, et de mille francs d'amende, ou l'une de ces peines seulement, sous réserve des poursuites disciplinaires qui pourront être exercées à son encontre.

A défaut pour l'administrateur de pouvoir compléter la liste des personnes qualifiées selon l'alinéa précédent, il enverra la liste des personnes trouvées en signalant les recherches opérées en vue d'exécuter sa mission.

Les noms ainsi déclarés seront repris par le ministre de l'intérieur, sur une liste unique nominative, établie par ordre alphabétique. Cette liste sera paraphée par le ministre, qui en adressera trois copies, certifiées conforme, à Monsieur le ministre de la justice. Celui-ci transmettra aussi deux copies au tribunal compétent. Au cas où la liste ainsi formée comprendrait moins de cinq cents noms, le ministre de l'intérieur priera les administrateurs de province dont les communes sont les plus peuplées, de produire une liste complémentaire.

Art. 3.

Quinze jours avant la date prévue pour l'audience, le président du tribunal ou de la cour, en présence des parties civiles, du ministère public, des accusés assistés de leurs conseillers, tirera au sort vingt-quatre noms de jurés, lesquels seront aussitôt convoqués par ses soins.

Les nominations des vingt-quatre jurés seront faites pour une année civile, finissant le trente et un décembre ; c'est dans cette liste que le tirage au sort des treize jurés se fera avant chaque session. En cas d'appel le nouveau jury se forme de la même procédure à l'exception des noms des jurés qui ont siégé en premier degré, ainsi que ceux dont la récusation a été prononcée.

Art. 4.

Au jour indiqué, le nom des vingt-quatre jurés ayant fait l'objet de la sélection prévue à l'article III sont déposés dans une urne. Le jury d'instruction et de jugement sera formé au moment où il sera sorti de l'urne treize noms des jurés, qui n'auront pas fait l'objet de récusation, soit par la partie civile, soit par un ministère public, soit par l'accusé. Chacune de ces parties pourra récuser sans motif au maximum trois jurés. Dans le cas où il y a plusieurs accusés, ils doivent exercer leur droit de récusation conjointement, le nombre de trois jurés étant un maximum pour l'ensemble des parties civiles ou des accusés.

Ingingo ya 5.

Umukuru w'intaha azobwira abashingantahe-rugamba, bahagaze kand' bikuye inkofero, iri jambo rikwirikira : « Ni murahire kandi ni mwemere imbere y'inama n'imbere y'abantu yuko muzokwihweza n'ubwitegereje ntangere ibirego bizoregwa N ko mutazokunguriza nyakwitwari-gwa canke mutazoniyitsa ukuri k'umurezi, ko atawe muzogiricenge kushika bimaze kuvugwa icese, ko mutazokwirikiza urwanko canke ubukozi bw'ikibi ; ko mutazogira ubwoba canke ngo mugire nkunzi mu kurangura ibituma vy'ibicumuro, n'ibituma bikiza uwacumuye, mugukwirikiza kami k'umutima wanyu n'itsitsi ry'ukuri kwanyu, mu kutazokwigera mugura urubanza n'ukuba intanyiganyizwa mu kuri aribwo buhizi bubereye umuntu rugamba-imbvugakuri nyen'ubupfasoni ntangere ntabe n'imbundenge. »

Umw'umwe wese murabo bashingantahe-rugamba, arinda kwakurwa n'umukuru w'intaha, akarabira ashize hejuru ikiganza ati :

« Ndabirahiye » bitabaye uko inyigisho y'umukuru w'intaha izoba impfagusa.

Ingingo ya 6.

Ivyo bihwewe, umukuru w'intaha azoca abwira nyakuregwa ngo yitonde yumvirize neza ivyo agirango abwirwe.

Nya mukuru w'intaha ategereza karani yanditse urubanza ngo asome ingingo yashinzwe n'umucamanza mukuru ivuga ko urwo rubanza rugenewe abacamanza-rugamba arangura ko aribo barufiseko ububasha akabarungikira n'urwandiko rw'ibirego.

Karani w'imanza abisoma ashize ijwi hejuru.

Ingingo y' 7.

Ukusoma biheze, umukuru w'intaha yakura samuregwa akamusubiriramwo ivyavuzwe binusagiriza bihwewe akambwira ati : « Ngivyoye ivyo bakureze, ugira ngo wumve intaba ishushye bagira ngo bakuremeke ».

Ingingo y' 8.

Hakwirikira imiburano nkuko amategeko yarangurwe n'igitabu c'amategeko y'ibihano abivuga kandi kuburyo sentare y'agaheta ibigenza mu kwicimanza zerekeye ibihano.

Ingingo y' 9.

Hanyuma y'imburano, icyo ubusura, bakuka ko atari nyabwo, umukuru w'intaha, azoshobora, abisabwe n'urucamanza nshinga-rubanza canke mbere avyitumye, kuca afata buko nyene nyacabona.

Ingingo y' 10.

Mu kivi uwitwariwe, nangwa se icabona, canke umwe muri abo baba batasangiyeye ururimi, umukuru w'intaha aca abatorera kubuhaga bwiwe umusiguzi afise ahubwo imyaka 21 agireko amurahize abanje kumbwira yuko aramutse abeshe azohanwa kimwe n'icabona, arahire ko azosigura atagahemu imvugo bazobwira abo batasangiyeye kuvuza ururimi rumwe.

Samuregwa n'umushinga-rubanza, bashobora kwihakana umusiguzi, aliko barinda kumeyesha igituma.

Umukuru w'intaha azobitangaza umusiguzi azotorwa muvyabona, canke mu bacamanza nangwa se muri barugamba, naho azoba yemewe n'umuburanyi canke n'umukuru w'intaha azoba impfagusa.

Art. 5.

Le président adressera aux jurés, debout et découverts, le discours suivant : « Vous jurez et promettez, devant Dieu et devant les hommes d'examiner avec l'attention la plus scrupuleuse les charges qui seront portées contre N..... de ne trahir ni les intérêts de l'accusé, ni ceux de la société, qui l'accuse ; de ne communiquer avec personne jusqu'après la déclaration ; de n'écouter ni la haine ou la méchanceté, ni la crainte ou l'affection, de vous décider d'après les charges et les moyens de défense, suivant votre conscience et votre intime conviction, avec l'impartialité et la fermeté qui conviennent à un homme probe et libre.

A peine de nullité, chacun des jurés, appelé individuellement par le président répondra, en levant la main « Je jure ».

Art. 6.

Immédiatement après, le président avertira l'accusé d'être attentif à ce qu'il va entendre.

Il ordonne au greffier de lire la décision du juge-président portant renvoi de l'affaire à la compétence du jury et l'acte d'accusation.

Le greffier fera lecture à haute voix.

Art. 7.

Après cette lecture, le président rappellera à l'accusé ce qui est contenu en l'acte d'accusation, et lui dira : « Voilà de quoi vous êtes accusé ; vous allez entendre les charges qui seront produites contre vous ».

Art. 8.

Les débats de déroulement aient conformément aux règles édictées au code de procédure pénale et selon les normes et usages appliqués devant la cour d'appel siègeant au pénal.

Art. 9.

Si après les débats, la déposition d'un témoin paraît fautive le président pourra, sur la réquisition de l'officier du ministère public, et même d'office, faire sur le champ mettre le témoin en état d'arrestation.

Art. 10.

Dans le cas où l'accusé, les témoins ou l'un d'eux ne parleraient pas la même langue ou le même idome, le président nommera d'office l'interprète d'âge de vingt et un ans au moins, et lui fera, sans la même peine, prêter serment de traduire fidèlement les discours à transmettre entre ceux qui parlent des langages différents.

L'accusé et l'O.M.P. pourront récuser l'interprète, en motivant leur récusation. Le président prononcera.

L'interprète ne pourra, à peine de nullité, même du consentement de l'accusé ni du président être pris parmi les témoins, les juges et les jurés.

Ingingo ya 11.

Amasûra arangije kusûra n'ibimenyamenya yatanze bihewe. Intumwa iburanira itabasha kwiburanira canke umuvugizi wayo n'umushinga-rubanza avugira amategeko bazoca bumvirizwa barangûre uburyo butumako ibirego bishimitse.

Samuregwa n'umuvugizi wiwe bashobora kuzobishura inyishu izorekurirwa umuvugizi canke umujenama n'umucamanza nshingarubanza.

Yamara lero impera n'imperuka uwitwarirwa canke umuvugizi wiwe nibo bazoheruka kuvuga ivyanyuma.

Umukuru w'intara azoheza avuge ko imburano zihwewe.

Ingingo ya 12.

Iyo imburano irangiye, umukuru w'intahe azokwibutsa abashingantahe-rugamba ibikorwa bazokora. Azotanga ibibazo nkuko biza kuvugwa munyuma.

Ingingo ya 13.

Ikibazo gikomoka ku gikorwa c'ukurega kizovugwa k'uburyo bukwirikira : « Mbega nyakuregwa niwe yishe, niwe yakoze ikibi iki n'iki ».

Ingingo ya 14.

Mu mburano iyo hubukiyemwo impamvu zinkuzabibi canke ibituma vy'inkuzakibi bitari vyavuzwe mukihe c'igikorwa c'ukurega, umukuru w'intahe atera ko ikibazo gikwirikira : « Mbega nyakuregwa ikibi yakoze kirafise inkuzakibi izi nizi ? ».

Ingingo ya 15.

Mu kivi nyakuregwa yagiriye akabi yakoze bakabona ko hari ingabanyakibi, bazobaza kuburyo bukwirikira bati : « Mbega ingabanya kibi iriho koko vy'ukuri ? ».

Ingingo ya 16.

Umukuru w'intahe, niyarangiza ibihano, azoca abihereza umukuru w'abashingantahe-rugamba aye ariwe abibashikiriza, azobashikiriza kandi ikirego, imburano ziranga igicumuro abashikirize n'inzandiko z'urubanza zitari ubwagiriji bwanditse bw'ivyabona. Azobarira abashingantahe-rugamba y'uko vyemewe ko uwitwariwe yakoze ikibi kumvo nkuru ivuye ko benshi bavyemeje, bategerezwa nabo lero kuvyandika ku ntanguro y'amajambo yabo. Umukuru w'intahe aca ataramura uwitwariwe aye imbere y'intahe.

Ingingo ya 17.

Iyo ibibazo birangiye, bikashikirizwa abashingantahe-rugamba, baca bagenda mucumba cabo c'imibonano kugira ngo bavyumvanemwo. Umutware wabo azoba uw'ubufindo bwaguyeko mukivi c'ukubatora canke uwo bo nyene bazokwigenera kandi nawe akirinda kuvyemera.

Imbere y'ugutangura imibonano, umutware w'abashingantahe rugamba azobasomera inyigisho ikwirikira, baheze bayimanike yanditswe n'indome nkuru-nkuru ahantu hagaragara mu cumba cabo c'imikebukano.

Art. 11.

A la suite des dépositions des témoins et des titres respectifs auxquels elles auront donné lieu, la partie civile ou son conseil et l'OP.M. seront entendus, et développeront les moyens qui appuient l'accusation.

L'accusé et son conseil pourront leur répondre.

La réplique sera permise à la partie civile et à l'O.P.M., mais l'accusé ou son conseil auront toujours la parole les derniers.

Le président déclarera ensuite que les débats sont terminés.

Art. 12.

L'instruction de l'affaire étant terminée, le président rappellera aux jurés les fonctions qu'ils auront à remplir.

Il posera les questions ainsi qu'il sera dit ci-après.

Art. 13.

La question résultant de l'acte d'accusation sera posée en ces termes « L'accusé est-il coupable d'avoir commis tel meurtre, tel ou tel autre crime. »

Art. 14.

S'il résulte des débats une ou plusieurs circonstances aggravantes non mentionnées dans l'acte d'accusation, le président ajoutera la question suivante : « L'accusé a-t-il commis le crime avec telle ou telle circonstance ? ».

Art. 15.

Lorsque l'accusé aura prononcé pour circonstances atténuantes un fait admis comme tel, la question sera ainsi posée : « Tel fait est-il constant ? ».

Art. 16.

Le président, après avoir posé les questions, les remettra aux jurés dans la personne du chef du jury : il leur remettra en même temps l'acte d'accusation, les procès-verbaux qui constatent le délit, et les pièces du procès, autres que les déclarations écrites des témoins. Il avertira les jurés que l'accusé est déclaré coupable du fait principal à la simple majorité, ils doivent en faire mention en tête de leur déclaration. Il fera retirer l'accusé de l'auditoire.

Art. 17.

Les questions étant posées et remises au jurés, ils se rendent dans leur chambre pour y délibérer. Leur chef sera le premier juré sorti par le sort, ou celui qui sera désigné par eux et du consentement de ce dernier.

Avant de commencer la délibération, le chef des jurés leur fera lecture de l'instruction suivante, qui sera, en outre affichée en gros caractère dans le lieu le plus apparent de leur chambre.

Ibwirizwa ntiribaza abashingantahe-rugamba uburyo bakoresheje mu kwumvana ; ntiribaha amategeko bokwirikiza kugira ngo baronke impamvu nyazo kandi zikwiye z'ibituma nyakuri ; ribategereza kwibaza mu gacerere n'ubwitonzi, bagireko barondere mu mahoro y'agatima mpembara, icabanyuze, cabashitse ku nyota mu mpamvu zose zatanze z'ukurega nyagucumura, no ku buryo yiburaniye.

Ibwirizwa ntiribwira abashingantahe-rugamba ngo : ivyo icabona kanaka cavuze n'ivyo vy'ukuri, kandi ntiribabwira ngo, impamvu zose zitashize hamwe n'imburano iyi n'iyi, zitari mu rwandiko rw'ubusura ubu n'ubu, canke impamvu zirimwo amacakubiri aya n'aya uraca umenya ko hatarimwo ukuri. Kandi ntiribabwira ngo : impamvu yose itari nimburano iyi n'iyi, itari mu busura ubu n'ubu canke mu bimenyamenya ibi n'ibi ngo sinyaye, ikibazo ribasiguza n'iki kimwe rudende, naco nico kirimo ingero yose y'ivyo bategereje gukora : nyakibazo n'igikwirikira. « Ubwo ukuri kwamaze kubanyura rwose... ? ».

Ingingo ya 18.

Abashingantahe-rugamba ntibashobora kuva mu cumba c'imubonano yabo ivyo barangije bitarangutse. Mukivi babonana ntawushobora kubashira mu muhwezo, niyo yoba afise ibituma bimeze bite kiretse afise urwandiko rw'umukuru w'intaha rumurekura kwinjira. Nabo nyene, arinda kwinjira amutwara w'abashingantahe-rugamba amwakuye kandi yinjirana na nyakwigwira hamwe n'umuvugizi wiwe, n'umunwa iburana mu kirenge c'utburanira hamwe n'umujenama wawe, ahinjira kandi n'umushinga rubanza be n'umwanditsi w'imanza. Ako kacyemwo babwirizwa ku kamenyesha mu mburano ko arinze dukira. Umukuru w'intaha ategerezwako kuha ategereze umukuru w'abapolisi, ategereze rube ryanditse, kandi ahinyanga yose isekura mu cumba c'abakabukana itegereze kandi uwo mutwara w'abapolisi nawe arinda kuwagwa n'ukudondora mu rutonde.

Sentaregabona izashobora kuhana umushingantahe-rugamba azoramuka adambanije mu kumutangisha ibazabu ritarenga amajana atanu. Uwundi muntu wese azotoba urutonde, canke azogira urwangaza mu kutanganya nya rutonde, azashobora kufungwa umunyorozi w'amasaha mirongo ibiri nane.

Ingingo ya 19.

Abashingantahe-rugamba bazokwihweza ijamba kugenza hanyuma kungwiza kibi n'ingabanya kibi imwimwe yose ukwayo.

Ingingo ya 20.

Ivyo b'hwewe, abashingantahe-rugamba bazosubira mu ngoro y'iburaniro muri sentare bavyagire ku ntebe zabo. Unukuru w'intaha azobabaza iryo banamyeye.

Umutwara w'abashingantahe-rugamba azohaguruka, ashire ikiganza kumushaha wiwe, avuye ari : « Kwizina ry'ubupfasoni : bwanje n'umutima wanjye, imbere y'imana n'imbere y'abantu, mvuze ko abashingantahe-rugamba banamyeye ite... n'ibindi mpakanye ko uwitwariwe ya... n'ibindi ».

Ingingo ya 21.

Iryanamwe n'abashingantahe-rugamba rizoshigwako umukono n'umutwara wabo nya mutwara arihereze umukuru w'intaha, vyose bigirigwe imbere y'abashingantahe-rugamba. Umakuru w'intaha azoshirako umukono wiwe, abeze arihereze umwanditsi w'imanza nawe ashireko umukono wiwe.

« La loi ne demande pas compte aux jurés de moyens par lesquels ils se sont convenus ; elle ne leur prescrit pas de règles desquelles ils doivent faire particulièrement dépendre la plénitude et la suffisance d'une preuve ; elle leur prescrit de s'interroger eux-mêmes dans le silence et le recueillement et de chercher dans la sécurité de leur conscience, quelle impression ont fait sur leur raison les preuves rapportées contre l'accusé, et les moyens de sa défense. La loi ne leur dit point « Vous tiendrez pour vrai tout fait attesté par tel ou tel nombre de témoins », elle ne leur dit pas non plus : « Vous ne regardez pas comme suffisamment établie toute preuve, qui ne sera pas formée de tel procès-verbal, de telles pièces de tant de témoins ou de tant d'indices » ; elle ne leur dit pas non plus : « Vous ne regardez pas comme suffisamment établie toute preuve, qui ne sera pas formée de tel procès-verbal, de telles pièces de tant de témoins ou de tant d'indices » ; elle ne leur fait que cette seule question, qui renferme toute la mesure de leurs devoirs : « Avez-vous une intime conviction... ? ».

Art. 18.

Les jurés ne pourront sortir de leur chambre qu'après avoir formé leur déclaration. Nul n'y pourra entrer pendant la délibération, pour quelque cause que ce soit, sans une autorisation écrite du président. Celui-ci ne devra y pénétrer que s'il est appelé par le chef du jury et accompagné de l'accusé et son défenseur, de la partie civile et de son conseiller, du ministère public et du greffier. Mention de l'incident sera faite au procès-verbal.

Le président est tenu de donner au chef de la gendarmerie de service l'ordre spécial et par écrit de faire garder les issues de leur chambre ; ce chef sera dénommé et qualifié dans l'ordre.

La cour pourra punir le juré contrevenant d'une amende de cinq cents francs au plus. Tout autre qui aura enfreint l'ordre, ou celui qui ne l'aura pas fait exécuter, pourra être puni d'un emprisonnement de vingt-quatre heures.

Art. 19.

Les jurés délibèrent sur le fait principal, et ensuite sur chacune des circonstances.

Art. 20.

Les jurés rentreront ensuite dans l'auditoire et reprendront leur place. Le juge-président leur demandera quel est le résultat de leur délibération.

Le chef du jury se lèvera, et, la main placée sur son cœur il dira : sur mon honneur et ma conscience, devant Dieu et devant les hommes, la déclaration du jury est : etc... non, l'accusé, etc...

Art. 21.

La déclaration du jury sera signée par le chef et remise par lui au président, le tout en présence des jurés. Le président la signera, et la fera signer par le greffier.

Ingingo ya 22.

Ukusuzuma n'imburano iyo bitanguye, birinda kushishikarwa ata gucishirizamwo, kandi atayindi mibonano yo hanze, kushika bahejeje gutangaza ivyo abashingantahe-rugamba bashinze. Umukuru w'intaha arashobora kucishirizamwo, abacamanza n'abashingantahe-rugamba, hamwe n'ivyabona n'abitarwiwe ibihe vy'ukuruhuka.

Ingingo ya 23.

Mu kivi icabona cahamagawe ntikiseruke, sentare iyo ibisabwe n'umucamanza mukuru, kandi imbere y'uko imburano itangurwa n'ubusura bw'icabona ca mbere canditse ku ruto-nde, irashobora kusivya urubanza ikarushira ku wundi musaso uzoza.

Aliko lero, kubisanzwe, icabona kizoramuka kitaserutse, canke kizokwanka kurahira, canke kikanka gusura, kizohabwa ikihano kivugwa n'ibwirizwa.

Ingingo ya 24.

Umukuru w'intaha azohamagara nyakuregwa nawe umwanditsi w'imanza amusomere imbone nkubone ivyo abashingantahe-rugamba bavuze.

Ingingo ya 25.

Mu kivi c'imburano, iyo nyakuregwa yagiriye ikindi kibi kibonetse mu rwandiko canke yagiriye n'ivyabona, umukuru w'intaha yari yahejeje kuvuga ko nyakuregwa yuhagiye akabi bari bamuremetseko, azokwisubirako ategeke ko akwirikiranwa.

Ingingo ya 26.

Abashingantahe-rugamba bari mu rubanza muri sentare ya mbere, ntibashobora kuja hamwe n'abari muri sentare gaheta isubiramwo nyarubanza.

Ingingo ya 27.

Abashingantahe-rugamba, bashobora kutanga ibibazo bumva ko bifise akamaro kuri nyakuregwa no kuvyabona. Barashobora, iyo abenshi babishimye, gutegeka ngo habe iyindi nyigisho yisunitse canke barondere ubundi buhinga, vy'ukugaragaza aho ukuri kuri nibo babona ko vyoshoboka.

Ingingo ya 28.

Itora ryerekeye ku bibazo babajijwe bakwirikiza ibwirizwa, abashingantahe-rubamba bazorigira mu mpisho.

Ingingo ya 29.

Hanyuma y'itora ryose, umutware w'abashingantahe ariwe mushingantahe-rugamba izina ryiwe ryakuwe ubwa mbere mu nkono y'itorero, kiretse lero iyo ubwinshi bw'abashingantahe-rugamba bwabigenjeje ukundi, azopfukura inkono y'itorero imbere y'abashingantahe-rugamba, ace atangura ingingo yashinzwe ku kibazo abajijwe atarinze kuvuga igitigiri c'amajwi. Ingingo y'ugukiza canke kwica nyakuregwa izofatwa mu gukwirikiza amajwi menshi y'abashingantahe-rugamba. Inyishu itanzwe ku rugero rw'uburinganire rw'amajwi izoba impfagusa canke yemerwe kubera ineza y'ugukiza nyakuregwa.

Ingingo ya 30.

Umukuru wa sentare canke sentare y'agaheta isubiramwo imanza, izohamagara nyakuregwa imumenyesha iryashinzwe n'abashingantahe-rugamba.

Art. 22.

L'examen et les débats, une fois entamés, devront être continués sans interruption, et sans aucune espèce de communication au dehors, jusqu'après la déclaration du jury inclusivement. Le président ne pourra les suspendre que pendant les intervalles nécessaires pour le repos des juges, des jurés des témoins ou des accusés.

Art. 23.

Lorsqu'un témoin qui aura été cité ne comparaitra pas, le tribunal pourra sur la réquisition du juge-président, et avant que les débats soient ouverts par la déposition du premier témoin inscrit sur la liste, renvoyer l'affaire à la prochaine session.

Néanmoins, dans tous les cas, le témoin qui ne comparaitra pas, ou qui refusera soit de prêter serment, soit de faire sa déposition, sera condamné à la peine portée par la loi.

Art. 24.

Le président fera comparaitre l'accusé et le greffier lira en sa présence la déclaration du jury.

Art. 25.

Lorsque dans la cour de débats, l'accusé aura été inculpé sur un autre fait, soit par des pièces soit par des dépositions des témoins, le président, après avoir prononcé qu'il est acquitté de l'accusation, ordonnera qu'il soit poursuivi.

Art. 26.

Les jurés qui auront siégé en première instance ne pourront faire partie du jury d'appel.

Art. 27.

Les jurés peuvent poser à l'accusé et aux témoins les questions qu'ils jugent utiles. Ils peuvent à la majorité simple, exiger un complément d'instruction ou l'exécution de tels devoirs de preuves qu'ils jugeraient opportuns à la recherche de la vérité.

Art. 28.

Le vote du jury aura lieu au scrutin secret sur les questions posées en exécution de la loi.

Art. 29.

Après chaque scrutin, le chef du jury, qui est, à moins que la majorité en décide autrement, le juré dont le nom est sorti le premier de l'urne, le dépouillera en présence des jurés et sonnera immédiatement la décision prise en marge de la question posée, sans exprimer le nombre de suffrages. La décision du jury se fermera pour ou contre l'accusé à la majorité. Une réponse donnée à égalité de suffrages doit être considérée comme négative ou affirmative suivant l'intérêt de l'accusé.

Art. 30.

Umukuru wa sentare canke wa sentare y'agaheta isubiramwo imanza, azohamagara nyakuregwa amumenyeshe iryashinzwe n'abashingantahe-rugamba.

Ingingo ya 31.

Mu kivi nyakwitwarigwa bavuze ko ata kabi kiwe umukuru w'intaha azoca aca urubanza rw'ukufungura kandi ateguka ko bamuvana mu ngoyi ; umushingarubanza, uwuburanira uwundi canke nyakwitwara bashobora kusaba kwunguraza urwo rubanza muri sentare y'agaheta ngo irusubiremwo.

Ingingo ya 32.

Mu kivi nyakwitwarirwa yagiriye ibibi, umushingarubanza azasaba ngo ahanwe. Nyakwitwarirwa n'umujenema wiwe nibo bafise ijambo ryanyuma.

Ingingo ya 33.

Umukuru w'intaha azotaramura nyakwitwarirwa aheze aje mw'ibonaniro aherekejwe n'abashingantahe-rugamba bari muriyo nama. Iryo koraniryo ryuzuye, bazoringaniza ikihano canke ibihano bizokoresha bakwirikije amabwirizwa yashinzwe kuvyerekeye ibihano, canke bakwirikije imigenzo nku-ko ibwirizwa ryerekeye hose ribivuga.

Iryo bazoringaniza bahagarikiwe n'umukuru w'intaha ya sentare ya mbere canke wa sentare y'agaheta, ingingo zizoshingwa habaye ubwinshi bw'agakura bw'amajwi.

Ingingo ya 34.

Ku bidatunganijwe n'iri bwirizwa, amategeko azokomeza gukwirizwa imbere ya za sentare, iya mbere canke sentare y'agaheta, azoba amategeko yanditswe mu gitabu c'amategeko y'ibihano yerekeye k'ububasha izo sentare zompi zifise.

Ingingo ya 35.

Iri bwirizwa rizoca ritangura gukwirizwa buno nyene rigihezwa gutangazwa.

Ryatangiye i Bujumbura, kuwa 23 yanwari 1962.

MWAMBUTSA IV.

n'Umwami :

Ministre wa mbere.

Ministre w'intwari yo hagati mu gihugu.

Ryabonywe kandi ryambitswe ikimenyamenya c'Ubwami.

Ministre w'ubutungane,

Art. 31.

Lorsque l'accusé aura été déclaré non coupable, le président prononcera son acquittement et ordonnera qu'il soit mis en liberté ; le ministère public ainsi que la partie civile ou le plaignant peuvent relever appel de ce jugement.

Art. 32.

Lorsque l'accusé aura été déclaré coupable, le ministère public requerra pour l'application de la peine. L'accusé et son conseil auront ensuite la parole les derniers.

Art. 33.

Le président fera ensuite retirer l'accusé et se rendra en compagnie des jurés du conseil. Le collègue ainsi constitué, sous la présidence du président du tribunal ou de la cour, délibérera sur la peine ou les peines à prononcer conformément à la loi pénale ou la coutume selon la loi universelle.

Les décisions sont prises à la majorité absolue des voix.

Art. 34.

Pour tout ce qui n'est pas spécialement réglé par la présente loi, la procédure continuera à se dérouler devant le tribunal ou devant la cour d'appel conformément aux dispositions du code de procédure pénale concernant ces deux juridictions.

Art. 35.

La présente loi entre en vigueur immédiatement, au jour de sa promulgation.

Donné à Usumbura, le 23 janvier 1962.

Par le Mwami :

Le Premier ministre,

Le Ministre de l'intérieur.

Vu et scellé du sceau du Royaume.

Le Ministre de la justice,

NUWINKWARE.

Itegeko rya ministre n° 1 ry'itariki 9 octobri 1961 ryerekeye iserukira nyakuri ry'ishirahamwe ry'abihebeye imana b'Isakramentu Ritagatifu.

Ministre w'ivyerekeye imanza mu Burundi,

Turavye ibwirizwa ry'itariki 21 ogusto 1925 riraba Leta y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye itegeko nshingamateka n° 02/235 ry'itariki 15 yuli 1961 ryerekeye amashimikiro y'amabwirizwa mu Burundi ;

Arrêté ministériel n° 1 du 9 octobre 1961 relatif à la représentation légale de l'A.S.B.L. « Religieux du Saint Sacrement ».

Le Ministre de la justice du Burundi,

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961 sur les institutions du Burundi ;

Turavye iteka (décret) ry'itariki 27 novembri 1959 ryerekeye ishirahamwe ritarondera inyungu ryemewe mu Rwanda n'Uburundi n'ibwirizwa n° 111/66 ry'itariki 4 marsi 1960 ;

Turavye itegeko nshingamateka n° 01/214 ry'itariki 27 juni 1961 rivuga ishirahamwe ritarondera inyungu rizotekwe kuvubwo n'abakuru ba kavukire ;

Kubera ishirahamwe ry'abihebeye imana b'isakramentu ritagatifu ryemejwe n'itegeko ry'Umwami ry'itariki 4 marsi 1952 ;

Turavye icyo abenshi mur'iryo shirahamwe bashinze itariki 19 ugusto 1961.

Ategetse ibi :

Ing'ango rudende.

Nyakwubahwa patri Petro Van der Spank yahawe ubukuru bwo guserukira ishirahamwe ry'abihebeye imana b'isakramentu ritagatifu mu kibanza cahoramwo nyakwubahwa patri Regnier.

Kitega, itariki 9 octobri 1961.

Ministre w'Ubutungane.

Vu le décret du 27 novembre 1959 sur les associations sans but lucratif, rendu applicable au Ruanda-Urundi par l'ordonnance n° 111/66 du 4 mars 1960 ;

Vu l'ordonnance législative n° 01/214 du 27 juin 1961 déclarant d'intérêt régional les matières relatives aux associations sans but lucratif ;

Attendu que la personnalité civile a été reconnue à l'association des Religieux du très Saint Sacrement par arrêté royal du 4 mars 1952 ;

Vu la déclaration émanant de la majorité des membres effectifs de l'association datée du 19 août 1961,

Arrêté :

Article unique.

Le Révérend père Petrus Van der Spank est agréé en qualité de représentant légal de l'association « Religieux du très Saint Sacrement », en remplacement du Révérend père Regnier démissionnaire.

Kitega, le 9 octobre 1961.

Le Ministre de la justice.

NUWINKWARE.

Itegeko n° 2 ry'itariki 9 octobri 1961 rihindura izina ry'ishirahamwe ritarondera inyungu riyitwa « Vicariya Apostolika y'i Kitega » rikitwa « Archidiyoseze y'i Kitega ».

Ministre w'Ubutungane mu Burundi.

Turavye ibwirizwa ry'itariki 21 ugusto 1925 ryerekeye Leta y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye itegeko nshingamateka n° 02/235 ry'itariki 15 julye 1961 ryerekeye ishimikiro ry'amabwirizwa y'ikihugu c'Uburundi ;

Turavye cane cane ing'ango ya 6 y'iteka (décret) y'itariki 27 novembri 1959 ryerekeye ishirahamwe ritarondera inyungu ryemejwe mu Rwanda n'Uburundi n'itegeko n° 111/66 ry'itariki 4 marsi 1960 ;

Turavye cane cane ing'ango 1 y'itegeko nshingamateka n° 01/214 ry'itariki 27 juni 1961 rivuga ko ishirahamwe ritarondera inyungu rifitiye akamaro igihugu kire ;

Turavye itegeko ry'Umwami ry'itariki 20 feburuwari 1929 ryemeza ishirahamwe riyitwa « Umuhari w'abapatri bera b'i Burundi banywe muri Afrika » ;

Turavye itegeko n° 11/308 ry'itariki 16 juni 1959 rihindura izina ry'ishirahamwe riyitwa Apostolika y'i Kitega ;

Kubera kw'iryo shirahamwe ryakwirikiye iteka (décret) ry'itariki 27 novembri 1959 ryerekeye ishirahamwe ritarondera inyungu ryatangaje mu kinyamakuru ca Leta amategako yaryo yintahava mu mwaka 1960 n° 23 ku rupapuro 2073 ;

Kubera ko kw'itariki 24 juli 1961 iryo shirahamwe ryasavye ngo riyitwe « Archidiocèse y'i Kitega ».

Arrêté ministériel n° 2 du 9 octobre 1961, relatif à la modification de la dénomination de l'association sans but lucratif « Vicariat Apostolique de Kitega » en Archidiocèse de Kitega.

Le Ministre de la justice du Burundi.

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961 sur les institutions du pays du Burundi ;

Vu, spécialement en son article 6, le décret du 27 novembre 1959 relatif aux associations sans but lucratif rendu applicable au Ruanda-Urundi par l'ordonnance n° 111/66 du 4 mars 1960 ;

Vu, spécialement en son article 1^{er}, l'ordonnance législative n° 01/214 du 27 juin 1961 déclarant d'intérêt régional les matières relatives aux associations sans but lucratif ;

Vu l'arrêté royal du 20 février 1929 accordant la personnalité civile à l'association « Société des Missionnaires d'Afrique Pères blancs de l'Urundi ».

Vu l'ordonnance n° 11/308 du 16 juin 1959 modifiant la dénomination de l'association précitée en « Vicariat Apostolique de Kitega » ;

Attendu que cette association s'est conformée au décret du 27 novembre 1959 sur les associations sans but lucratif en publiant ses statuts au Bulletin officiel du Ruanda-Urundi (B.O.R.U. 1960 n° 23 page 2073) ;

Vu la requête du 24 juillet 1961 émanant de l'association précitée tendant à modifier sa dénomination sociale en « Archidiocèse de Kitega ».

Ategetse ibi :

Ingingo rudende.

Nkuko vyashinzwe n'ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Vikariya Apostolika y'i Kitega » turemeje ko rihindurwa rikitwa « Arshidiyoseze y'i Kitega ». Rizoba mu gisagara ca Kitega nyene.

Vyagizwe i Kitega, itariki 9 novembri 1961.

Ministre w'ivyerekeye imanza,

Arrête :

Article unique.

Est approuvée la décision de la majorité des membres effectifs de l'association sans but lucratif « Vicariat Apostolique de Kitega », ayant son siège à Kitega, de modifier sa dénomination sociale en « Archidiocèse de Kitega ».

Fait à Kitega, le 9 novembre.

Le Ministre de la justice.

NUWINKWARE.

Itegeko rya ministre n° 3 ry'itariki 10 octobri 1961 ryerekeye iserukira nyakuri ry'ishirahamwe ritarondera inyungu rya « Dioseze ya Bururi ».

Ministre w'Ubutungane.

Turavye ibwirizwa ry'itariki 21 ogusto 1925 riraba Leta y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye iteka (décret) ry'itariki 27 novembri 1959 riraba ishimikiro n'ishirahamwe ry'abashakira ineza abantu, vyongeye ziraba ivy'ubwenge canke ivy'abiheber' imana kandi vye-mejwe mu Rwanda n'Uburundi n'itangazo n° 111/66 ry'itariki 4 marsi 1960 ;

Turavye itegeko n° 01/214 ry'itariki 27 juni 1961 rivuga ko ishirahamwe ritarondera inyungu rifitiye akamaro igihugu ; n'abakuru ba kavukire ;

Turavye ivyasabwe itariki 1 juli 1961 n'abaserukira Diyoseze ya Bururi ;

Ategetse ibi :

Ingingo ya 1.

Idiyoseze y'i Bururi, iba mu gisagara c'i Bururi yemejwe n'iri tegeko.

Ingingo ya 2.

Musenyeri Yozefu Martino aremewe guserukira iryo shirahamwe.

Ingingo ya 3.

Nyakwubahwa patri Yohani Blockx na nyakwubahwa patri Yezu Mariya Yozefu Mugica baremewe nabo kuba ivyegera.

Vyagizwe Kigali, itariki 10 octobri 1961.

Ministre w'Ubutungane.

Arrêté ministériel n° 3 du 10 octobre 1961 relative à la représentation légale de l'A.S.B.L. « Diocèse de Bururi ».

Le Ministre de la justice,

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu le décret du 27 novembre 1959 sur les institutions et associations philanthropiques, scientifiques et religieuses rendu applicable au Ruanda-Urundi par l'ordonnance n° 111/66 du 4 mars 1960 ;

Vu l'ordonnance n° 01/214 du 27 juin 1961 déclarant d'intérêt régional les matières relatives aux associations sans but ucratif ;

Vu la requête du 1^{er} juillet 1961 émanant des représentants égaux du diocèse de Bururi,

Art. 1.

Article premier.

La personnalité civile est accordée au Diocèse de Bururi » dont le siège est à Bururi.

Art. 2.

Monseigneur Joseph Martin est agréé en qualité de représentant légal de la dite association.

Art. 3.

Le révérend père Jean Blockx et le révérend père Jésus Marie Mugica, sont tous deux agréés en qualité de représentants légaux suppléants.

Fait à Kigali, le 10 octobre 1961.

Le Ministre de la justice.

NUWINKWARE.

Itegeko rya ministre n° 4 ry'itariki 14 novembri 1961 ryemeza ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Ishirahamwe rya Graal y'i Burundi ».

Ministre w'Ubutungane mu Burundi,

Turavye iteka ry'itariki 21 ogusto 1925 riraba Leta y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye itegeko n° 02/235 ry'itariki 15 juli 1961 riraba ishimikiro ry'amabwirizwa mu Burundi ;

Arrêté ministériel n° 4 du 14 novembre 1961 accordant la personnalité civile à l'association sans but lucratif « Association du Graal au Burundi ».

Le Ministre de la justice du Burundi,

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961 sur les institutions du Burundi ;

Turavye iteka (décret) ry'itariki 27 novembere 1959 riraba ishahamwe ritarondera inyungu ryemejwe mu Urwanda n'Uburundi n'itegeko nshingamateka n° 111/66 ry'itariki 4 marsi 1960 ;

Turavye cane cane ingingo ya 1 y'itegeko nshingamateka n° 01/214 ry'itariki 27 juni 1961 rivuga ko ishahamwe ritarondera inyungu rifitiye akamaro igihugu ;

Turavye ivyasabwe itariki 15 juli 1961 n'abantu benshi b'iryo shirahamwe ryitwa « Ishirahamwe rya Graal mu Burundi » ;

Ategetse ibi :

Ingingo ya 1.

Ishirahamwe rya Graal mu Burundi riramejwe n'iri tegeko. Iryo shirahamwe ryicaye mu gisagara c'i Muramvya (teritwari y'i Muramvya-Burundi) rishaka amajambere ya kirisitu y'abagore n'abakobwa.

Ingingo ya 2.

Madame Wilhelmina Canters niwe azoserukira iryo shirahamwe, Madamu Antoniya Brouer nawe amubere icegera.

Kitega, itariki 14 novembri 1962.

Ministre w'Ubutungane.

Vu le décret du 27 novembre 1959 relatif aux associations sans but lucratif rendu applicable au Ruanda-Urundi par ordonnance n° 111/66 du 4 mars 1960 ;

Vu, spécialement en son article 1^{er}, l'ordonnance législative n° 01/214 du 27 juin 1961 déclarant d'intérêt régional les matières relatives aux associations sans but lucratif ;

Vu la requête du 15 juillet 1961 émanant de la majorité des membres de l'association : « Association du Graal au Burundi ».

Arrête :

Art. 1.

La personnalité civile est accordée à l'association sans but lucratif : « Association du Graal au Burundi » dont le siège est à Muramvya (territoire de Muramvya-Urundi) et qui a pour objet la promotion de la femme et de la jeune-fille sur une base chrétienne.

Art. 2.

Est agréée en qualité de représentante légale Madame Wilhelmina Canters et en qualité de représentante légale suppléante de l'association Madame Antonia Brouer, toutes deux résidant à Muramvya.

Kitega, le 14 novembre 1961.

Le Ministre de la justice,

NUWINKWARE.

Itegeko rya ministre n° 5 ry'itariki 15 novembri 1961 ryerekeye ihindura ry'izina ry'ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Umuryango w'ababikira b'umwamikazi wacu w'Afrika (Ababikira bera) n'iserukirwa nyakuri ryawo.

Ministre w'Ubutungane mu Burundi.

Turavye ibwirizwa ry'itariki 21 ogusto 1925 ryerekeye Leta y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye cane cane mu ingingo ya 6 y'iteka (décret) ry'itariki 27 novembri 1959 ryerekeye ishahamwe ritarondera inyungu ryemejwe mu Rwanda n'Uburundi n'itegeko n° 111/66 ry'itariki 4 marsi 1960 ;

Turavye itegeko nshingamateka n° 02/235 ry'itariki 15 juli 1961 ryerekeye ishikiriye ry'amabwirizwa mu Burundi ;

Turavye cane cane mu ingingo ya 1 y'itegeko nshingamateka n° 01/214 ry'itariki 27 juni 1961 rivuga ko ishahamwe ritarondera inyungu rifitiye akamaro igihugu ;

Turavye itegeko ry'Unwami ry'itariki 6 septembri 1929 ryemeza mu Burundi ishahamwe ryitwa « Umuryango w'ababikira b'umugabekazi wacu w'Afrika » bo muri vika-riya apostoliki ;

Kubera ko iryo shirahamwe ryahinduye izina rikurikije iteka (décret) ry'uunwaka 1888 rikitwa « Umuryango w'ababikira b'Umugabekazi wacu w'Afrika (Ababikira bera) ».

Arrêté ministériel n° 5 du 15 novembre 1961, relatif au changement de dénomination de l'A.S.B.L. « Congrégation des Sœurs missionnaires de Notre Dame d'Afrique (Sœurs Blanches) » et de sa représentation légale.

Le Ministre de la justice du Burundi.

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu, spécialement en son article 6, le décret du 27 novembre 1959 relatif aux associations sans but lucratif rendu applicable au Ruanda-Urundi par l'ordonnance n° 111/66 du 4 mars 1960 ;

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961 sur les institutions du pays du Burundi ;

Vu, spécialement en son article 1^{er}, l'ordonnance législative n° 01/214 du 27 juin 1961 déclarant d'intérêt régional les matières relatives aux associations sans but lucratif ;

Vu l'arrêté royal du 6 septembre 1929 accordant la personnalité civile à l'association des « Religieuses Missionnaires de notre Dame d'Afrique du Vicariat Apostolique de l'Urundi » ;

Attendu que l'association dénommée ci-dessus a modifié sa dénomination sur la base du décret de 1888 en « Congrégation des Sœurs Missionnaires de Notre Dame d'Afrique (Sœurs Blanches) » ;

Kubera ko iryo shirahamwe ryakurikije iteka (décret) ry'itariki 27 novembri 1959 ryerekeye ishirahamwe ritarondera inyungu kandi rikamenyesha amategeko yaryo y'intahava mu kinyamakuru ca Leta n° 24/1961 ku rupapuro rwa 2177 ;

Kubera ko itariki 16 na 17 ogusto 1961 abantu benshi b'iryo shirahamwe bemeje kandi basavye ko izina ryohindurwa rikitwa « Ishirahamwe ry'umuryango w'ababikira b'umwamikazi wacu w'Afrika (Ababikira bera) mu Burundi » n'iserukirwa ryawo ;

Ategetse ibi :

Ingingo ya 1.

Ivyasabwe n'abantu b'iryo shirahamwe biremejwe. Umuryango w'ababikira b'umugabekazi wacu w'Afrika (Ababikira bera) rihindutse gurtiya : « Ishirahamwe ry'umuryango w'ababikira b'umwamikazi w'Afrika (Ababikira bera) mu Burundi ».

Ingingo ya 2.

Nyakwubahwa umubikira Gilmard Augusta aremejwe n'iri tegeko, aserukire iryo shirahamwe mu kirenge ca nyakwubahwa umubikira Mariya Piron.

Ingingo ya 3.

Nyakwubahwa umubikira Vissers-Mariya-Jose aremewe kuzoba icegera c'uwuzoserukira iryo shirahamwe mu kirenge ca nyakwubahwa umubikira Gilmard Augusta.

Bigizwe i Kitega kw'itariki 14 novembri 1961.

Ministre w'ivyerekeye imanza.

Attendu que cette personne civile s'est conformée au décret du 27 novembre 1959 sur les associations sans but lucratif en publiant ses statuts au Bulletin officiel du Ruanda-Urundi (B.O.R.U. n° 24/1961 page 2177) ;

Vu les requêtes du 16 et 17 août 1961 émanant de la majorité des membres de l'association précitée, tendant respectivement à modifier sa dénomination sociale en « Association des Sœurs Missionnaires de Notre Dame d'Afrique (Sœurs Blanches) du Burundi » et sa représentation légale,

Arrête :

Art. 1.

Est approuvée la décision de la majorité des membres effectifs de l'association sans but lucratif « Congrégations de Sœurs Missionnaires de Notre Dame d'Afrique (Sœurs Blanches) » de modifier sa dénomination en : « Association des Sœurs Missionnaires de Notre Dame d'Afrique (Sœurs Blanches) du Burundi ».

Art. 2.

La révérende Sœurs Gilmard Augusta est agréée en qualité de représentante légale de l'association précitée en remplacement de la révérende Sœur Marie Piron démissionnaire.

Art. 3.

La révérende Sœur Vissers-Marie-Jose est agréée en qualité de représentante légale suppléante de la dite association en remplacement de la révérende Sœur Gilmard Augusta. démissionnaire.

Fait à Kitega, le 14 novembre 1961.

Le Ministre de la justice,

NUWINKWARE.

Itegeko rya ministre n° 6 ry'itariki 14 novembri 1961 ryemeza ishirahamwe ritarondera inyungu riyitwa : « Injiri y'Ekleziya yo kw'isi yose ».

Ministre w'ivyerekeye imanza mu Burundi.

Turavye iteka ry'itariki 21 ogusto 1925 ryerekeye Leta y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye itegeko nshingamateka n° 02/235 ry'itariki 15 juli 1961 ryerekeye ishimiye ry'amabwirizwa mu Burundi ;

Turavye iteka (décret) ry'itariki 27 novembri 1959 riraba ishirahamwe ritarondera inyungu ryemejwe m'Urwanda n'Uburundi n'itegeko n° 111/66 ry'itariki 4 marsi 1960 ;

Turavye cane cane mu ngingo yayo ya 1 y'itegeko n° 01/214 ry'itariki 27 yuni 1961 rivuga ko ishirahamwe ritarondera inyungu rifitiye akamaro igihugu ;

Turavye ivyasabwe itariki 28 septembri 1961 n'abantu benshi biryo shirahamwe riyitwa « Injiri y'Ekleziya yo kw'isi yose ».

Ategetse ibi :

Ingingo ya 1.

Ishirahamwe riyitwa « Injiri y'Ekleziya yo kw'isi yose » ririmejwe.

Rizokwicara i Kayero (Provinsi ya Rutana mu Burundi). Ico rishaka n'ukwigisha idini abantu.

Arrêté ministériel n° 6 du 14 novembre 1961 accordant la personnalité civile à l'association sans but lucratif « l'Eglise Evangélique Mondiale ».

Le Ministre de la justice,

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961 sur les institutions du Burundi ;

Vu le décret du 27 novembre 1959 sur les associations sans but lucratif rendu applicable au Ruanda-Urundi par l'ordonnance n° 111/66 du 4 mars 1960 ;

Vu, spécialement en son article 1^{er}, l'ordonnance législative du 27 juin 1961 déclarant d'intérêt régional les matières relatives aux associations sans but lucratif ;

Vu la requête du 28 septembre 1961 émanant de la majorité des membres de l'association sans but lucratif « l'Eglise Evangélique Mondiale ».

Arrête :

Art. 1.

La personnalité civile est accordée à l'association « l'Eglise Evangélique Mondiale » dont le siège est Kayero (province de Rutana Urundi) et qui a pour objet l'évangélisation et l'enseignement de la population.

Ingingo ya 2.

Umwungere Mbindigiri, Toma, niwe yemewe guserukira iryo shirahamwe.

Ingingo ya 3.

Icegera ciwe cabaye umwungere Shingledecker Harold.

Kitega, itariki 14 novembri 1961.

Ministre w'Ubutungane.

Art. 2.

Monsieur le Pasteur Mbindigiri, Thoma, est agréé en qualité de représentant légal de l'association.

Art. 3.

Monsieur le Pasteur Shingledecker, Harold est agréé en qualité de représentant légal suppléant de l'association.

Kitega, le 14 novembre 1961.

Le Ministre de la justice,

NUWINKWARE.

Itegeko rya ministre n° 11 ry'itariki 8 yanwari 1962 ryerekeye iserukirwa nyakuri ry'ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Umuryango w'amaraso meranda ya Yezu » i Rugari.

Ministre w'Ubutungane mu Burundi.

Turavye ibwirizwa ry'itariki 21 ogusto 1925 riraba Leta y'Urwanda n'Uburundi ;

Turavye itegeko nshingamateka n° 02/235 ry'itariki 15 yuli 1961 ryerekeye ishikikiro ry'amabwirizwa mu Burundi ;

Turavye iteka (décret) ry'itariki 27 novembri 1959 riraba ishirahamwe ritarondera inyungu yemejwe mu Rwanda n'Uburundi n'itegeko n° 111/66 ry'itariki 4 marsi 1960 ;

Turavye cane cane ingingo ya 1 y'itegeko n° 01/214 ry'itariki 27 yuli 1961 rivuga ko ishirahamwe ritarondera inyungu rizotegekwa kuva ubwo n'abakuru ba kavukire ;

Kubera ivyasabwe itariki 17 octobri 1961 n'abanta benshi b'iryo shirahamwe « Umuryango w'amaraso meranda ya Yezu ».

Ategetse ibi :

Ingingo ya 1.

Nyakwubahwa umubikira Van akken Yozefina yemewe kuba umufasha w'uwuserukira ishahamwe ry' « Umuryango w'amaraso meranda ya Yezu » i Rugari. Uyo mubikira Van akken Yozefina asubiriye nyakwubahwa umubikira Verbuot Gertrude.

Bigiriwe i Bujumbura, itariki 8 yanwari 1962.

Ministre w'Ubutungane.

NUWINKWARE.

Arrêté ministériel n° 11 du 8 janvier 1962 relatif à la représentation légale de l'A.S.B.L. : « Congrégation der Liefdezusters Van Het Kostbaar Bloed » à Rugari.

Le Ministre de la justice du Burundi,

Vu la loi du 21 août 1925 sur le gouvernement du Ruanda-Urundi ;

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961 sur les institutions du Burundi ;

Vu le décret du 27 novembre 1959 sur les associations sans but lucratif rendu applicable au Ruanda-Urundi par l'ordonnance n° 111/66 du 4 mars 1960 ;

n° 01/214 du 27 juin 1961 relative à la décentralisation ;

Vu, la requête du 17 octobre 1961 émanant de la majorité des membres effectifs de l'association sans but lucratif :

des membres effectifs de l'association sans but lucratif, « Congrégation der Liefdezusters Van Het Kostbaar Bloed ».

Arrête :

Article unique.

La révérende Sœur Van Akken Joséphine est agréée en qualité de représentante légale suppléante de l'association : « Congrégation der Liefdezusters Van Het Kostbaar Bloed » à Rugari en remplacement de la révérende Sœur Verbuot Gertrude, démissionnaire.

Fait à Usumbura, le 8 janvier 1962.

Le Ministre de la justice.

Itegeko rya ministre n° 12 ry'itariki 10 yanwari 1962 ryerekeye iserukirwa ry'ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa : « Imisiyoni yigisha bana ivy'idini ».

Ministre w'Ubutungane mu Burundi.

Turavye itegeko nshingamateka n° 02/235 ry'itariki 15 yuli 1961 riraba ishikikiro ry'amabwirizwa mu Burundi ;

Turavye iteka (décret) ry'itariki 27 novembri 1959 riraba ishahamwe ritarondera inyungu ryemejwe mu Rwanda n'Uburundi n'iteka n° 111/66 ry'itariki 4 marsi 1960 ;

Arrêté ministériel n° 12 du 10 janvier 1962 relatif à la représentation légale de l'A.S.B.L. « Mission pour l'Évangélisation des enfants ».

Le Ministre de la justice du Burundi,

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961 sur les institutions du Burundi ;

Vu le décret du 27 novembre 1959 sur les associations sans but lucratif rendu applicable au Ruanda-Urundi par l'ordonnance n° 111/66 du 4 mars 1960 ;

Turavye cane cane mu ngingo yayo ya 1 igice ca 3 no mu ngingo yayo ya 2, itegeko nshingamateka n° 01/214 ry'itariki 27 yuni 1960 rivuga ko ishirahamwe ritarondera inyungu rifitiye akamaro igihugu ;

Turavye iteka ry'Umwami ry'itariki 28 octobri 1961 ryemeza iryo shirahamwe ryitwa « Imisiyoni yigisha abana ivy'idini » ;

Turavye ivyasabwe itariki 10 octobri 1961 n'abantu benshi b'iryo shirahamwe ;

Ategetse ibi :

Ingingo rudende.

Umwigeme Lwiza Moore aremewe ngw'abe icegera c'use-rukira ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Imisiyoni yigisha abana ivy'idini ».

I Bujumbura, kuwa 10 yanwari 1962.

Mniste w'Ubutungane,

NUWINKWARE.

Vu, spécialement en son article premier, alinéa 3 et en son article 2, l'ordonnance législative n° 01/214 du 27 juin 1960 déclarant d'intérêt régional la matière relative aux associations sans but lucratif ;

Vu l'arrêté royal du 28 novembre 1960 accordant la personnalité civile à l'association sans but lucratif « Mission pour l'Evangélisation des Enfants » ;

Vu la requête du 10 octobre 1961 émanant de la majorité des membres effectifs de la dite association ;

Arrête :

Article unique.

Mademoiselle Louise Moore, domiciliée à Usumbura est agréée en qualité de deuxième représentante légale suppléante de l'association sans but lucratif « Mission pour l'Evangélisation des Enfants ».

Usumbura, le 10 janvier 1962.

Le Ministre de la justice,

Itegeko rya ministre n° 13 ry'itariki 28 desembri 1961 ryerekeye umuhari w'ubudandaji bw'amafi mu kiyaga Tanganika (Produilac).

Mniste w'Ubutungane,

Turavye itegeko nshingamateka n° 02/235 ry'itariki 15 yuli 1961 riraba ishimikiro ry'amabwirizwa mu Burundi ;

Turavye, cane cane ingingo ya 6 y'iteka (décret) ry'itariki 27 febuari 1887 y'imihari y'ubucuruzi ryemejwe mu Rwanda n'Uburundi n'itegeko n° 1 y'itariki 26 yanuari 1928 ;

Turavye itegeko ry'Umwami ry'itariki 29 juni 1926 ryerekeye imihari y'ubucuruzi kandi ryemejwe mu Rwanda n'Uburundi n'iteka n° 2 y'itariki 26 yanuari 1928 ;

Turavye itegeko nshingamateka n° 01/335 ry'itariki 24 octobri 1961 rivuga ko imihari y'ubucuruzi izotegekwa ku-ubwo n'abakuru bakavukire ;

Kubera ko inama nkuru y'uwo muhari w'ubudandaji bw'amafi mu kiyaga Tanganika wiswe « Produilac » yagirwe i Bujumbura itariki 26 juni 1957 yemeje ko uwo muhari utakiri umuhari w'abacuruzi ariko ushaka kuba umuhari w'amafrika bateranije ;

Ategetse ibi :

Ingingo ya 1.

Uwo muhari (Produilac) uremewe kuba mu Burundi n'amategeko yawo y'intahava aremewe.

Ingingo ya 2.

Iri tegeko rizokurikizwa umusi rizoba tyatangajwe n'ikinyamateka ca Leta.

Mniste w'Ubutungane,

NUWINKWARE.

Arrêté ministériel n° 13 du 28 décembre 1961 autorisant la fondation de la société par actions à responsabilité « Produilac ».

Le Ministre de la justice,

Vu l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961, sur les institutions du Burundi ;

Vu, spécialement en son article 6, le décret du 27 février 1887 sur les sociétés commerciales, rendu applicable au Rwanda-Urundi par ordonnance n° 1 du 26 janvier 1928 ;

Vu l'arrêté royal du 29 juin 1926 relatif aux sociétés par actions à responsabilité limitée rendu applicable au Rwanda-Urundi par ordonnance n° 2 du 26 janvier 1928 ;

Vu l'ordonnance législative n° 01/335 du 24 octobre 1961 relative à la décentralisation des matières relatives aux sociétés commerciales ;

Attendu que l'assemblée générale de la société de personnes à responsabilité limitée « Produits et Industries du Lac » dite « Produilac » constituée à Usumbura le 26 juin 1957 a décidé de transformer la société « Produilac » s.p.r.l. en une société par actions à responsabilité limitée ;

Arrête :

Art. 1.

Les statuts de la société produits et industries du Lac dite « Produilac », société par actions à responsabilité limitée sont approuvés et la société est autorisée à se fonder au Burundi.

Art. 2.

Le présent arrêté entre en vigueur le jour de sa publication.

Le Ministre de la justice,

Itegeko rya ministre n° 15 ry'itariki 5 februwari 1962 rigena ba noteri mu Burundi kandi rishinga imbibe zaho bazogeza.

Mniste w'Ubutungane,

Turavye ishimikiro ry'amateka y' i Burundi ;
Turavye cane cane mu ngingo ya 2 y'iteka (décret) ry'itariki 17 novembri 1953 ryerekeye notariya ryemejwe mu Rwanda n'Uburundi n'itegeko n° 11/66 ry'itariki 12 aprili 1954 ;
Turavye cane cane mu ngingo ya 1 ikigabane ca 3 no mu ngingo ya 2 z'itegeko nshingamateka n° 01/7 ry'itariki 18 yanwari 1962 riha abakuru bakavukire ububasha bw'ugutegeka ivya notariya ;
Twiwewe ibwirizwa ry'itariki 28 marsi 1953 rigena mu Burundi ba noteri n'imbibe zaho bazogeza ;

Ategetse ibi :

Ingingo ya 1.

Mu Burundi ibikorwa vya notariya bizogirwa n'aba :
— i Bujumbura, bigirwa na Direkteri wa Contentieux. Aramutse atariho canke hari ikimutesha bigirwa n'icegera ciwe. Ububasha bw'uwo Direkteri bukwiye Uburundi bwose.

— i Kitega, bigirwa na administrateri wa provensi. Atariho canke hari ikimutesha bigirwa n'icegera ciwe. Ubukuru bwawe bukwiye provensi yose ya Kitega.

Ingingo ya 2.

Ivyashinzwe n'umukuru w'ivyererekeye ivy'imanza na contentieux kw'itariki 28 marsi 1953 riravuyeho kuvyererekeye Uburundi.

Ibipapuro vyahorana noteri w'Urwanda n'Uburundi kuva aho notariya yabereye i Bujumbura, bizobikwa na noteri w'i Bujumbura. Ibipapuro vya notariya vyahora kwa Rezida w'i Kitega bizobikwa na noteri w'i Kitega.

Ingingo ya 3.

Iri tegeko rizotangura gukurikizwa umunsi rizosinywa.
Usumbura, kuwa 5 febuari 1962.

Mniste w'Ubutungane,

Arrêté ministériel n° 15 du 5 février 1962 portant nomination des notaires au Burundi et fixant leur ressort territorial.

Le Ministre de la justice,

Vu la constitution du royaume du Burundi ;
Vu spécialement en son article 2, le décret du 17 novembre 1953 sur le notariat, rendu exécutoire au Ruanda-Urundi par l'ordonnance n° 11/66 du 12 avril 1954 ;
Vu spécialement en son article 1, alinéa 3 et en son article 2, l'ordonnance législative n° 01/7 du 18 janvier 1962 sur la décentralisation ;

Revu en ce qu'elle concerne le Burundi, la décision du chef de la justice et du contentieux du 28 mars 1953 désignant les agents chargés des fonctions de notaire et fixant leur ressort territorial ;

Arrête :

Art. 1.

Au Burundi, les fonctions de notaire sont exercées :
— à Usumbura, par le directeur du service du contentieux ou, en cas d'absence ou d'empêchement par l'agent qui le remplace. Le ressort territorial de ce notaire s'étend à tout le Burundi ;

— à Kitega, par l'administrateur de province ou, en cas d'absence ou d'empêchement, par l'agent qui le remplace. Le ressort territorial de ce notaire s'étend à la province de Kitega.

Art. 2.

La décision du chef du service de la justice et du contentieux du 28 mars 1953 est rapportée en ce qu'elle concerne le Burundi.

Les archives de l'office notarial du Ruanda-Urundi depuis sa création seront conservées par le notaire d'Usumbura. Les archives de l'office notarial de la résidence de Kitega seront conservées par le notaire de Kitega.

Art. 3.

Le présent arrêt entre en vigueur le jour de sa signature.
Usumbura, le 5 février 1962.

Le Ministre de la justice,

NUWINKWARE.

Itegeko rya ministre n° 16 ry'itariki 2 februwari 1962 rirekarira ikompanyi y'Afrika y'ivyaradiyo na televiziyo kuba mu Burundi.

Mniste w'Ubutungane,

Turavye ishimikiro ry'amateka y' i Burundi ;
Turavye iteka rya Rezida mukuru n° 02/235 ry'itariki 15 yuli 1961 ryerekeye ishimikiro ry'amabwirizwa mu Burundi ;
Turavye cane cane mu ngingo ya 6 y'iteka (décret), ry'itariki 27 februwari 1887 ryerekeye imihari y'abacuruzi ryemejwe mu Rwanda n'Uburundi n'itegeko n° 1 ry'itariki 26 yanwari 1928 ;

Arrêté ministériel n° 16 du 2 février 1962 autorisant la fondation de la société : « Compagnie Africaine de Radiodiffusion et de Télévision », société par actions à responsabilité limitée.

Le Ministre de la justice,

Vu la constitution du royaume du Burundi ;
Vu, l'ordonnance législative n° 02/235 du 15 juillet 1961, sur les institutions du Burundi ;
Vu, spécialement en son article 6, le décret du 27 février 1887 sur les sociétés commerciales, rendu applicable au Ruanda-Urundi par ordonnance n° 1 du 26 janvier 1928 ;

Turavye itegeko ry'Umwami ryo kw'itariki 26 yuni 1926 riraba imihari icuruza ryemejwe m'Urwanda n'Uburundi n'itangazo n° 2 ry'itariki 26 yanwari 1928 ;

Turavye itegeko nshingamateka n° 01/335 ry'itariki 24 octobri 1961 rivuga ko imihari icuruza izotegekwa kuv'ubwo n'abategeka bakavukire ;

Turavye amategeko y'intahava y'umuhari ucuruza witwa « ikompanyi y'Afrika w'ivyiradiyo na televiziyo » yahawe noteri wa Leta y'Urwanda n'Uburundi mu n° 2618 ya notariya itariki 27 yanwari 1961 ;

Ategetse ibi :

Ingingo ya 1.

Amategeko y'intahava y'uwo muhari ucuruza witwa : « Ikompanyi yo muri Afrika y'amaradiyo na televiziyo » aremewe ; iyo kompanyi nayo irarekuriwe gutangura kuba mu Burundi.

Ingingo ya 2.

Iri tegeko rizotangura gukurikizwa umunsi rizosinywa.

I Bujumbura, kuwa 25 februwari 1962.

Mniste w'Ubutungane.

Vu, l'arrêté royal du 29 juin 1926 relatif aux sociétés par actions à responsabilité limitée rendu applicable au Ruanda-Urundi par ordonnance n° 2 du 26 janvier 1928 ;

Vu, l'ordonnance législative n° 01/335 du 24 octobre 1961 relative à la décentralisation des matières des sociétés commerciales ;

Vu, les statuts de la société commerciale : « Compagnie Africaine de Radiodiffusion et de Télévision », reçus par le notaire du gouvernement du Ruanda-Urundi dans l'acte notarié n° 2618 du 27 janvier 1962 ;

Arrête :

Art. 1.

Les statuts de la société commerciale : « Compagnie Africaine de Radiodiffusion et de Télévision », société par actions à responsabilité limitée sont approuvés et la société est autorisée à se fonder au Burundi.

Art. 2.

Le présent arrêté entre en vigueur le jour de sa signature.

Usumbura, le 25 février 1962.

Le Ministre de la justice,

NUWINKWARE.

IMIHARI ICURUZA.

SOCIETES COMMERCIALES.

« Ishirahamwe rya Graal mu Burundi ».

Amategeko y'intahava y'ishirahamwe ritarondera inyungu.

Ingingo ya 1.

Haragizwe ishirahamwe ritarondera inyungu ryitwa « Ishirahamwe rya Graal mu Burundi ».

Ikibanza c'ibiro vy'iryo shirahamwe kiri i Muramvya.

Ingingo ya 2.

Iryo shirahamwe rizomara igihe kirekire.

Ingingo ya 3.

Iryo shirahamwe rironderera abagore n'abakobwa amajambere ya kikristu, cane cane muvy'ukwihebera Mungu, mu vy'ukuter'imbere no mu vy'ukwiga.

Ingingo ya 4.

Iryo shirahamwe rikorera akazi mu Burundi.

Ingingo ya 5.

Nta gitigiri cagenwe c'abashobora kuja mur'iryo shirahamwe mugabo ntigishobora kuba musu ya batatu.

Ingingo ya 6.

Ishirahamwe rimaze kwemerwa na Leta rizotegukwa n'uwuriserukira canke iyo atahari icegera ciwe, bazoba batowe n'igitigiri kirengeye igice kimwe ca kabiri c'abashirahamwe.

Igitigiri kirengeye igice kimwe ca kabiri c'abashirahamwe kishobora kukuramwo uriserukira n'icegera ciwe.

Ingingo ya 7.

Amategeko y'intahava ntashobora kuhindurwa bitemejwe n'igitigiri kirenga igice ca kabiri c'abashirahamwe.

Ingingo ya 8.

Ntawushobora gusambura iryo shirahamwe bitemejwe n'ibice bibiri vya katatu vy'iryo shirahamwe.

Ingingo ya 9.

Igihe iryo shirahamwe rizosamburwa, bariko baragabura amatungo yaryo kandi barangije n'ukwishura imyenda yose, amatungo asigaye azoja ku fasha ishira hamwe katolika ryoba rifise ivyiyumviro bihwanye n'ivyo mu ngingo ya 3.

« Association du Graal au Burundi ».

Statuts de l'association sans but lucratif

Art. 1.

Il est constitué une association sans but lucratif sous la dénomination « Association du Graal au Burundi ».

Le siège social de l'association est établi à Muramvya.

Art. 2.

L'association est constituée pour une durée illimitée.

Art. 3.

L'association a pour objet la promotion de la femme et de la jeune fille sur une base chrétienne, en particulier sur le terrain religieux, social et culturel.

Art. 4.

L'association exerce ses activités au Burundi.

Art. 5.

Le nombre des membres effectifs est illimité, sans pouvoir être inférieur à trois.

Art. 6.

L'association ayant obtenu la personnalité civile sera administrée par une représentante légale et en son absence par la représentante légale suppléante, choisies parmi les membres effectifs à la majorité de ceux-ci.

La majorité des membres effectifs peut mettre fin au mandat de la représentante légale ou de la suppléante.

Art. 7.

Les statuts de l'association ne peuvent être modifiés que sur décision de la majorité des membres effectifs.

Art. 8.

La dissolution de l'association ne peut être prononcée qu'à la majorité des deux tiers des membres effectifs.

Art. 9.

En cas de dissolution et, par conséquent de liquidation, après apurement du passif, le patrimoine de l'association est affecté aux œuvres catholiques philanthropiques de préférence à celles ayant le même objet comme défini sub art. 3.

Ingingo ya 10.

Ntawushobora kugabura amatungo yaryo atari umugabuzi yagenwe n'igitigiri kirenga ibice bibiri vya gatatu vy'abashirahamwe.

Ingingo ya 11.

Iri shirahamwe ryo mu Burundi ryafashe ivyahanwa ishirahamwe ritarondera inyungu ryahora ryitwa imbere y'uko risambuka « Graal » rifise ububasha bumwe n'iryahahora kandi rigomba kugira ivyategerezwa n'iryo shirahamwe ryahavuye.

Icegera c'uwuriserukira. (s.) Brouwer Antonia.
— Uwuriserukira Canters Wilhelmina.

Art. 10.

La liquidation s'opère par les soins d'un liquidateur qui exerce sa fonction en vertu d'une décision de la majorité des deux tiers des membres effectifs.

Art. 11.

La présente association reprend au Burundi les activités de l'A.S.B.L. « Graal » en liquidation aussi que tous les droits et obligations.

Représentante légale suppléante, (s.) Brouwer Antonia. — Représentante légale Canters Wilhelmina.

ITANGAZO.

Mw'itegeko n° 9, itariki 11 desembri 1962 rya ministre w'Ubutungane bahaye :

Diyoseze y'i Bujumbura amafranka	442.000 frs.
Diyoseze ya Bururi amafranka	146.000 frs.
Diyoseze ya Kitega amafranka	356.000 frs.

AVIS.

Par arrêté ministériel n° 9 du 11 décembre 1961 de Monsieur le ministre de la justice, il est accordé, à titre de subside :

— au Diocèse d'Usumbura	: 442.000 frs.
— au Diocèse de Bururi	: 146.000 frs.
— à l'Archidiocèse de Kitega	: 356.000 frs.

